**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**ÁJINIYAZ ATÍNDAǴÍ NÓKIS MAMLEKETLIK PEDAGOGIKALÍQ INSTITUTÍ**

Pedagogika fakulteti

Pedagogika kafedrası

51110900-«Pedagogika hám psixologiya» tálim baǵdarınıń 4 - kurs talabası

Nurımbetov Dámirdiń

# TEMA: Qaraqalpaqstanda Rus-túzem mektepleriniѝ ashılıwı

PITKERIW QÁNIGELIK JUMÍSÍ

| | |
|---|---|
| Talaba: | Nurımbetov Dámir |
| Ilimiy basshı: | p.i.d., prof., Ó.Álewov |
| Kafedra baslıǵı: | p.i.k., doc. A. Pazılov |

Kafedra májilisiniѝ 2022-jıl __ ______ sánesindegi №____ protokolı menen qorǧawǧa ruxsat berildi

Nókis 2022

**M a z m u n ı**

Kirisiw . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .3

**I BAP. TÓRTKÚLDEGI BIRINSHI RUS-TÚZEM MEKTEBI HÁM ONIǸ KADR TAYARLAWDAĞÍ ÁHMIYETI** . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 7

1.1. Ulıwma bilim beretuğın birinshi qalalıq baslawısh mektep . . . . . . . . . . . . .7

1.2. Rus-tuzem mekteplerinin elge kadr tayarlawdağı xızmet dárejesi . . . . . . . 14

**II BAP. TÓRTKÚLDEGI RUS TÚZEM MEKTEPLERINIǸ ÓZINE TÁNLIKLERI** . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 19

2.1 Qatnap oqıytuğın baslawısh rus qızlar mektebi. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .19

2.2 Jergilikli baslawısh rus mekteplerininǹ ózine tánlikleri . . . . . . . . . . . . . . . . . . .20

2.3 Rus-túzem mektepleri hám Qaraqalpaqstanda jádidshilik háreketi. . . . . . . . . . 25

**Juwmaq** . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 46

Ádebiyatlar . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 51

## K i r i s i w

Orta Aziyanıṅ, sonıṅ ishinde Qaraqalpaqstannıṅ Rossiya tárepinen koloniyağa aylandırılıwı xalıqtıṅ óz erkinligin qısıp, eziwshilikte uslaw boldı. Biraq, usığan qaramastan Xiywa xanlığınıṅ feodallıq qurlısına qarağanda siyasiy, ekonomikalıq hám mádeniyat jağınan rawajlanıwğa bağdarlawshı áhmiyetke iye faktor boldı. Usınıṅ nátiyjesinde qaraqalpaq xalqı Britaniya imperalizminiṅ koloniyalıq qullığına tosiwdan qutılıp qaldı hám rus imperializmniṅ shırmawında jasadı.

Rossiyağa qosılğanğa shekem qaraqalpaqlar Xiywa xanlığınıṅ qol astında edi. Xiywa xanlığı qaraqalpaqtı bul eldiṅ atqaminer urıw basıları hám iyshan mollaları, sonday-aq óziniṅ nóker baslıqları arqalı biyledi, bul jerde feodallıq jeke hákimshilik ornatıldı.

Usı sóz etilip otırğan dáwirde Qaraqalpaqstanda shın mánisindegi sanaat bolğan joq, awıl xojalığında diyxanshılıqtıṅ eṅ eski patriarxallıq usılı basım boldı, sonıṅ sebebinen xalıqtıṅ ábigerleniwi hám ash-ápatlıqqa túsiwi kúsheydi. Transport kútá eskishe, tómen awhalda edi. Bilimlendiriw tarawında musulmanlardıṅ diniy tómengi mektepleri ústemlik etti, ayırım jerlerde ğana orta mağlıwmat beretuğın medreseler bar edi, biraq bul mektepler menen medireselerdiṅ jumısı xalıqtı haqıyqat bilimlendiriwge járdem ete almadı. Mektepler menen medireselerde oqıtıw isi arab hám parsı tillerinde alıp barıldı, al oqıtıwdıṅ mazmunı tiykarınan alğanda artta qalğan hám qorlıqta júrgen xalıqtıṅ

arasında fanatizmdi taratıwğa bağdarlanğan musılman dininiǹ shártlerin úyretiwden ibarat edi.

Xalıqtıǹ sawatsızlığı, sociallıq kesellikler, óliwshiliktiǹ kóp bolıwı, bunıǹ barlığı Xiywa xanlığı ústemlik etken dáwirdegi Qaraqalpaqstan ushın xarakterli nárseler edi.

Qalay degen menen qaraqalpaq xalqın Rossiyanıǹ jawlap alıwı koloniyalıq maqsette bolıwına qaramastan jergilikli ziyalılardıǹ, xalıqtıǹ talap etiwine baylanıslı elde kóp ğana mádeniy-ekonomikalıq tárepten ózgesheliklerdiǹ, ilgerilewdiǹ orın alıwına alıp keldi.

Qaraqalpaq xalqınıǹ Rossiyağa qoslıwınan keyin biz ádewir basqasha kartinanı kóremiz.

Rustıǹ aldıǹğı qatar mádeniyatı qaraqalpaq xalqınıǹ milliy sana-sezimine oğada úlken tásir jasadı. Nátiyjede Qaraqalpaqstannıǹ territoriyasında kútá eski ápiwayı formada bolsa da paxta tazalaw, may shığarıw, bılğarı islew, joǹıshqa tuqım tazalaw zavodları usağan bir qansha zavodlar, paraxodlar, “orıs” jollar payda boldı. Bul nárse Rossiyanıǹ oraylıq bólimi menen hám eldiǹ ishinde sawda-satıqtı jáne baylanıslardı jaqsılawğa járdem berdi. Sonıǹ nátiyjesinde burınğı elatlı punktler qalalarğa aylandı, evropalıq tipte jaylar salındı, basqarıw sisteması ózgerdi, jazba túrde is júrgiziw engizildi. Qaraqalpaq awızeki ádebiyatınıǹ shığarmaları rus alfaviti menen jazıp alındı hám rus tilinde awdarılıp basılıp shığarıw isleri baslandı. Bunnan tısqarı, dáslepki medicinalıq mekemeler, bir qatar mádeniy bilimlendiriw mekemleri payda boldı. Bunıǹ barlığı eldiǹ ekonomikasınıǹ hám mádeniyatınıǹ ósiwine tásirin tiygizdi.

Ámiwdárya bólimindegi mektep sıyasatına toqtaytuğın bolsaq, onda patshashılıq tutası menen alğanda Túrkstanda qanday siyasat qollanğan bolsa, Ámiwdárya bóliminde de tap sonday sıyasat júrgizdi. Bir jağınan musılmanlardıǹ diniy mektepler sisteması saqlanıp qaldı, al ekinshi jağınan russha bilim beretuğın mektepler shólkemlestirile basladı, bunday mektepler patsha samoderjaviesiniǹ sıyasatın taratıw orayı bolıwı tiyis edi.

Usınday maqsette Ámiwdárya bólimi 4 mektep ashtı Petro-Aleksandrovks qalasında (házirgi Tórkulde) qalalıq mektep (1878) qatnap oqıytuğın qızlar mektebi (1885) hám 1900 -jılı rus jergilikli mektepleri (Shımbay qalasında hám Shoraxanda) shólkemlestirildi.

Bul mekteplerde rus balaları menen jergilikli bay adamlardıǹ balaları birge qosılıp oqıdı, bunda oqıwshılardıǹ kontengenti 150 adamnan 200 adamğa shekem ózgerip turdı. Bul mektepler patshanıǹ kolonizatorlıq basqarıw mápleri ushın ashılğan bolıwına qaramastan, olar bir qansha progressiv rol atqardı. Atap aytqanda, birinshiden, bul mektepler ulıwma bilim beretuğın edi, olardıǹ ashılıwı musılmanlardıǹ diniy xarakterdegi mekteplerine qarağanda bir adım alğa ilgerilewshilik: ekinshiden, patshashılıqtıǹ tilegine qarsı bul mektepler jergilikli xalıqtıǹ arasında russha oqıw-jazıwdıǹ taralıwına, rus mádeniyatın úyreniwdegi zárúrli qural bolğan rus tiliniǹ taralıwına járdem etti.

Bul mekteplerde tek rus tili ğana oqıtılıp qoymastan, al rus mádeniyatın materiallıq hám ruwxıy mádeniyatı ashıp kórsetetuğın arnawlı pánler de oqıtıldı. Bunday arnawlı pánlerdiǹ qatarına-tariyx, geografiya, ádebiyat hám basqa da sol sıyaqlı pánler kirdi.

Bunnan tısqarı rus balaların jergilikli xalıqtıǹ balaları menen qosıp oqıtıw hám tárbiyalaw olardıǹ doslığın jáne sana-sezimlerin bekkemledi. Bul jağınan alıp qarağanda sol mekteplerdiǹ ishinen ulıwma bilim beretuğın birinshi qalalıq mektep retinde Petro-Aleksandrovsk mektebin ayırıqsha kórsetip ótiw kerek. Bul mektep Qaraqalpaqstannıǹ bilimlendiriw tariyxında sonıǹ ishinde Xorezm ushın da úlken rol atqaradı.

**Pitkeriw qánigelik jumısımızdıń respublikamızdağı ilim hám texnologiyalar rawajlanıwınıń baslı bağdarlarına baylanıslılığı:** “Axborotlasqan jámiyet hám demokratiyalıq mámleketti sociallıq, huquqıy, ekonomikalıq, mádeniy, ruwxıy-ağartıwshılıq jaqtan rawajlandırıwda innovaciyalıq ideyalar sistemasın qáliplestiriw hám olardı ámelge asırıw jolları” atlı baslı bağdarına muwapıq orınlanıwdı názerde tuttı.

**Pitkeriw qánigelik jumısımızdıń Pedagogika kafedrasındağı ilim-izertlew jumısları rejesi menen baylanıslılığı:** Jumısımız Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı, Pedagogika kafedrası tárepinen belgilengen "Úzliksiz bilimlendiriw sistemasında III Renessans dáwirine mas jaslardı oqıtıw hám tárbiyalaw texnologiyasın jetilistiriw" teması sheńberinde orınlandı.

**Pitkeriw qánigelik jumısımızdıń maqseti:** Qaraqalpaqstanda Rus-túzem mekteplerinin ashılıwın úyreniwden ibarat

**Pitkeriw qánigelik jumısımızdıń obiekti:** Qaraqalpaqstandağı rus-túzem mekteplerindegi oqıwshılar mektep turmısı, tálim-tárbiya alıwı

**Pitkeriw qánigelik jumısımız predmeti:** Qaraqalpaqstandağı rus-túzem mekteplerindegi oqıwshılar tálim-tárbiya ózgeshelikleri.

**Pedagogikalıq ilim-izertlew metodı**: sıpatında baspa sóz materialları úyrenildi. Sonday-aq baqlaw, gúrriń, anketa, matematikalıq modellestiriw metodları keńnen paydalanıldı. Gúrriń hám baqlaw mazmunınan geypara tiyisli jerler biz tárepinen jazıp alındı.

**Pitkeriw qániygelik jumısımızdıń qurılısı:** Jumıs ulıwma 54 betten, kirisiw, eki baptan, birinshi bap 2 pragraftan, ekinshi bap 3 pragraftan ibarat, juwmaq, paydalanılǵan ádebiyatlar diziminen ibarat.

# I BAP. TÓRTKÚLDEGI BIRINSHI RUS-TÚZEM MEKTEBI HÁM ONIŇ KADR TAYARLAWDAĞÍ ÁHMIYETI

## 1.1 Ulıwma bilim beretuğın birinshi qalalıq baslawısh mektep

Qaraqalpaqstan Rossiya quramına qosılğannan soň bir jıldan keyin, 1874-jılı avgust ayında Petro-Aleksandrovsk (házirgi Tórtkul) qalasında ulıwma bilim beretuğın tuňğısh mektep ashıldı. Bul mekteptiň ashılıwı Qaraqalpaqstannıň mádeniy turmısında pútkilley jaňa waqıya boldı.

Mektep dáslep bir klasslıq uchilishe sıpatında shólkemlesti. Túrkstan úlkesiniň oqıw isleri boyınsha vedomstvosı uchilisheni asharda onda rus balaların ğana emes, al Ámiwdárya bólimindegi jergilikli xalıqtıň ústemklass wákilleriniň balaların oqıtıwdı da názerde tuttı. Bundağı maqset patsha administraciyası usı uchilishede mayda hámeldarlar menen dilmashlardı tayarlap, óziniň ústemlik etiw siyasatın saqlap qalıw edi. Sonıň ushında Petro-Aleksandrovsk qalalıq uchilishesi Ámiwdárya bólimindegi basqa oqıw orınlarınıň arasında ayrıqsha orındı iyeledi.

Uchilishe, ásirese birinshi jılları, shólkemlestiriw hám materiallıq jaqtan bir qatar qıyınshılıqlardı basınan keshirdi. 1876-jılı mektep ushın hámmesi bolıp 300 manat ğana bólip shığarıldı. Sonnan muğallimler ushın 1800 manat. Otın ushın 60 manat, oqıw hám jazıw úskenelerine 600 manat jumsaw kózde tutılğan edi.

1877-1878-oqıw jılı uchilishede 27 oqıwshı bolıp, sonnan 25 rus, 2 qırğız balaları bar edi. Usı ekewdiǹ birewi qırğızban dep burın tutqınğa túsken rus balası edi. Bólimniǹ jergilikli xalqı óz balaların uchilishege bergisi kelmedi. Óytkeni xalıq sawatsız bolğanlıqtan rus mekteplerine isenbeytuğın edi. Sóytip patsha administraciyasınıǹ uchilishege jergilikli xalıq balaların tartıw úmiti aqlanbay qaldı. Onıǹ ústine uchilishe bir neshe jıl dawamında jónlep úskenelenbey, materiallıq jaqtan qıynaldı uchilisheniǹ jayı qolaysız edi, sabaqlar hám kórsetpeli oqıw quralları jetispedi. Dáslepki jılları uchilisheniǹ muğallimleri hám basqarıwshısı tosınnan bolğan adamlar edi, olar uchilisheniǹ áhmiyetin hám onıǹ aldında turğan wazıypasın tolıq túsine almadı.

Haqıyqatında da uchilisheniǹ dáslepki muğallimlerinen Prozvickiy hám Morinovalar arnawlı pedagogikalıq bilimi joq adamlar edi. Olardan Prozvickiy muğallimshilikti 1874-jıldıǹ 1-noyabrinen usı mekteptiǹ ózinde baslaydı, hújjetleri bolmağan. Onıǹ ulıwma bilimi-Moskvadağı birinshi áskeriy gimnaziyada ilimler kursın pitkerip, Pavlov atındağı birinshi áskeriy uchilishege kirgen. Biraq onıǹ ekinshi kursın tamamlamay-aq Túrkstandağı 8-liniyalıq batalionda qatardağı jay áskeriy xızmet atqarğan. Prozvicskiydiǹ  muğallimlilikke shaqırılıwı sol waqıttağı patsha húkimetiniǹ kútá isenimli qatlamı-dvoryanlardan shıqqanına baylanıslı bolsa kerek.

Prozvicskiydiǹ járdemshisi sıpatındağı Morinov jergilikli artilleriya komandasınıǹ unter-oficeri edi. Ol usı mekteptegi muğallimshilikti Prozviskiyden burınıraq, 1874-jılı 1-avgustan yağnıy, mekteptiǹ ashılıwı kúninen baslaydı.

Sonıǹ menen birge dáslepki jılları mektep xızmetin bahalawda, ásirese oqıwshılardıǹ bilim, uqıp hám kónlikpelerin tekseriwde, arnawlı qádeler hám belgili tártip bolmağan. Mısalı, oqıwshılardan ekzamen alıw 1875-jılı may ayınıǹ aqırında ótkerilgen. Ekzamen alıw komissiyası Ámiwdárya bólimine jaylasqan áskeriy kúshlerdiǹ oficerleri menen jergilikli ruwxaniylerden dúzilgen. Al ekinshi ekzamen bólimdegi geypara oficerlerdiǹ qatnasıwı menen bólim baslığınıǹ basshılığında Iusus Xristıǹ tuwılıw bayramınıǹ aldanda ótkerilgen. Demek, mektep óz jumısın baslağan birinshi jılları, ol Túrkstan úlkesindegi oqıw islerin

basqaratuğın vedomstvoğa birden qarasılı bolmay, onıǹ xızmeti tutası menen alğanda qarjı berip turğan jergilikli áskeriy bólimniǹ ıqtıyarında bolğan.

Joqarıda aytılğan qıyınshılıqlardıǹ aqıbetinde hátte ruslardıǹ da geyparaları, ásirese, urallı ruslar óz balaların uchilishege jiberiwden bas tartıp , jeke mekteplerge ornalastırğan. Bunday awhal Ámiwdár'ya bólimindegi birden-bir oqıw ornınıǹ bunnan bılay ómir súriwine qáwip tuwdırdı.

Mektep jumısın biraz shiyelestirgen bunday qıyın jağdaydı saplastırıw maqsetinde patsha admiristraciyasına bir qatar ilajlar islewge tuwra keldi.

Mektep bir klasslıq qalalıq uchilishe bolıp dúzilgen waqıtta tómengi hám joqarı bolıp eki bólimge bólingen. Mekteptiǹ tiykarğı muğallimi Prozvicskiydiǹ uchilisheniǹ awhalı haqqında 1876-jılı 27-fevraldağı mağlıwmatına qarağanda Túrkstan general-gubernatorı tárepinen xalıq uchilisheleri ushın tastıyıqlanğan programma (bağdarlama) kóleminde mektepte rus tili, oqıw, jazıw, diniy nızam, esap hám qosıq sabaqları ótilgen. Eki klassta da háptelik oqıw waqtı 18 saattan bolıp, sonnan tómengi bólimde: oqıw — 5 saat, jazıw - 5 saat, diniy nızam - 5 saat, esap - 4 saat bolsa, joqarı bólimde: diniy nızam - 3 saat, rus tili - 4 saat, esap - 4 saat, geografiya - 2 saat, jazıw - 4 saat, qosıq - 1 saat bolğan. Hár kúngi oqıw azanğı saat 9 dan kúndizgi 12 ge shekem, jazğı dem alıslar 1-iyunnan 1-avgustqa shekem dawam etken.

Mekteptiǹ oqıw jobasına kirgen pánlerden diniy nızam xristian dini táliymatınıǹ baslanbası hám basqa da geypara usınday qollanbalar boyınsha oqıtıladı. Rus tili hám oqıw Paul'sonnıǹ kórsetpesi boyınsha hám Krılov penen Xemnicerlerdiǹ jaqsı dep esaplağan tımsalların oqıp úyreniw tiykarında alıp barıldı, sonday-aq diktant jazıwlar ótkerildi. Esap awızeki esaplaw hám máseleler sheshiw, praktikada qollanıw jolı menen úyrenilip, bunda xalıq uchilisheleri ushın Leve tárepinen dúzilgen qollanbadan paydalanıldı. Georgrafiyanı oqıtqanda da fizikalıq geografiyadan ulıwma túsinikler hám dúnya bólekleriniǹ qısqasha bayanlaması berilip, onıǹ ushın basshılıq sıpatında “Jer há onıǹ ústinde neler bar?” kitabınan paydalanıldı. Jazıw, jazıwğa úyretiw ushın tayar basshılıqtıǹ bolmawınan Prozvicskiydiǹ ózi qol jazba túrinde qollanba islegen. Qosıqtan gammağa dáslepki

úyrenip shınığıw, basshılıqqa alınatuğın qollanbalarısız bir dawıs penen aytılatuğın shirkew qosıqları úyretildi.

Oqıwshılardı oqıw quralları menen támiyinlew mektep esabınan bolıp, oqıwshılarğa hár kúni úyinde oqıw ushın kitaplar berilip turılğan. Arxiv materiallarına qarağanda mektep qaptalınan kitapxana shólkemlestirilgen. Biraq, ondağı kitaplardıǹ hámmesi derlik diniy kitaplardan ibarat bolğan.

Patsha admiristraciyasınıǹ gózlegen maqsetin ámelge asırıw ushın uchilishe 1879-jılı eki klasslıq uchilishege aylandırılıp, biraz keǹeyttirildi.

Eki klasslıq qalalıq uchilishe bolıwına baylanıslı bólimniǹ Shoraxan uchastkasında komissiya dúzilip, oğan rus balaları ushın ğalaba minnetli oqıwdı ámelge asırıw hám olardı Petro-Aleksandrovsk uchilishesine tartıw jobasın islep shığıw tapsırıldı. Bul komissiya usı tarawdağı bar jağdaylar menen tanısıp bolğannan keyin jekke rus mekteleriniǹ hámmesin jabıw hám olarda oqıp atırğan oqıwshılardıǹ hámmesin eki klasslıq qalalıq uchilishege beriw zárúrligi tuwralı juwmaqqa keldi. Tağı da komissiya balaların uchilishege beriwden bas tartqan qurğın adamlarğı 25 manattan shtraf salıw, al jarlı adamlardı 7 kúnge shekem qamawğa alıwdı usında. Ámiwdárya bóliminiǹ baslığınıǹ komissiya usınıslarınıǹ bir punktinen basqasınıǹ hámmesin tastıyıqladı. Ol punkt uraldan kóship kelgenlerge tiyisli bolıp, házir olardı hár qanday jazıwlarda qorqıta almaydı dep bólim baslığı dáliyl aytqanday boldı.

1880–jılı uchilishe janınan 20 orınlıq internat shólkemlestirildi. Bul tuwralı Ámiwdárya bóliminiǹ baslığı polkovnik Protegelm 1880-jılı mart ayında Petro-Aleksandrovsk, Shoraxan hám Shımbay uchastkalarında internat ashıwdı soranıp, Túrkstan general-gubernatorınıǹ atına xat jazğan edi. Ol xattıǹ juwabı aprel ayında kelip, internat tiykarınan alğanda Shoraxan hám Shımbay uchastkalarınan uchilishege qabıllanıwğa diydilengen balalar ushın bolsın delingen. Onda rus hám jergilikli xalıq balalarınan alınğan balalardıǹ birge jasawı názerde tutıldı. Bul jergilikli milletlerdiǹ balaların ruslastırıw sıyasatın ámelge asırıwdıǹ quralı sıpatında xızmet etken edi. Usı maqsette internatta qabıl etiliwi názerde tutılğan oqıwshılardıǹ ulıwma muğdarınıǹ úshten birin rus balaları qurawı kerek edi.

Túrkstan úlkesindegi xalıq uchilisheleri inspektorınıń kórsetpesine muwapıq internatqa óziniń minez-qulqı hám oqıwğa ıqlası menen kózge túsken rus balaları ğana qabıllandı.

Internatta oqıwshılarğa xızmet etetuğın arnawlı shtat hám keshki shuğıllanıw jumısları ushın eki muğallim ajıratılıp, olardıń basında Túrkstan muğallimler seminariyasın pitkerip shıqqanlardan qadağalawshı turdı. Internatqa jumsalatuğın ulıwma qarjı jılına 3650 manattı quradı. Internattıń ulıwma byudjeti uchilisheniń ózine jumsalatuğın qarjıdan ádewir kóp edi. Muğallim Bestujevtiń xabarlawına qarağanda internatta 1880–jıldıń 1-yanvarınan 1881-jıldıń 1-yanvarına shekem hámmesi bolıp 15 tárbiyalanıwshı bolğan, onıń 8i Shoraxannan, 7si Shımbaydan edi.

Keltirilgen mağlıwmattan kórinip turğanınday patsha administraciyası óziniń koloniyalıq sıyasatın en jaydırıw maqsetinde Ámiwdárya bóliminiń túrli uchastkalarınan uchilishege bala tartıp, azda bolsa real bilimler alğan adamlardı xalıqqa aralastırıwğa májbúr boldı. Mine bul bilimlendiriw tarawınan oğada artta qalğan qaraqalpaqlarğa progressivlik jaqtan tásir etti.

1880-jılı internat janınan ğamxorlıq keńesi dúzilip, buğan Ámiwdár'ya bóliminiń baslığı basshılıq etti, onıń xızmetine bolıs, qalalıq basqarma, sawdagerler hám basqalardıń wákilleri qatnastı. Keńes tárbiyalanıwshılardı oqıtıw, tárbiyalaw hám materiallıq jaqtan támiynlew máselelerin talıqlaw ushın ayına bir ret shaqırılıp turıldı. Bunnan tısqarı sawdagerlerden Petro-Aleksandrovsk uchilishesinde húrmetli ğamxorshı belgilendi, ol Túrkistan úlkesiniń general-gubernatorı tárepinen belgilenetuğın edi.

Uchilisheniń ğamxorlıq keńesi menen húrmetli ğamxorshısı internat hám mektep ushın sawğalar jıynawdı shólkemlestirdi. Solay etip internat penen uchilisheniń materiallıq bazasınıń ekinshi deregi usılayınsha dúzildi. Bulardıń hámmesi qalalıq uchilisheni materiallıq jaqtan biraz bekkemlew hám keńeytiwge alıp keldi. 1880-jılı uchilishesiniń qaptalınan oqıw quralların saqlaytuğın sklad ashıldı. Usı jılı uchilishe jayınıń qurılısı baslanıp oğan 2179 manat qarjı ajıratıldı, ol 1887-jılı tamamlandı. Uchilisheniń materiallıq bazasınıń bir qansha

bekkemleniwine baylanıslı, onıń qaptalınan qalanı abadanlastırıwğa jumsalatuğın qarjı esabınan jergilikli milletlerdiń egede adamları ushın keshki kurslar shólkemlestirildi. Biraq, bul kurslar ushın zárúrli oqıwshılar kontengentiniń bolmawınan olar 1888–jılı jabılıp, olardıń ornına uchilisheniń ózinen túplewshiler (muqabalaw) menen etikshilerdi tayarlaytuğın ónermentshilik klassları ashıldı. Bunnan ekinshi dárejeli sawdager Sazanovtıń ótinishi menen uchilishede ağash ustası hám tokarlıq bólimi ashıldı.

Uchilisheniń materiallıq bazasınıń kem-kemnen bekkemlenip barıwı onıń tiykarğı mútájligin – onı qánigeli muğallimler menen támiynleniwge qolaylı jağdaylar dúzip berdi. Uchilisheni qánigeli kadrlar menen támiynlew kóp jılğa shekem tiykarğı máselelerdiń biri bolıp qaldı.

Bólim orayı bolğan Petro-Aleksandrovsk qalasınıń Rossiya, sonday-aq Túkstan úlkesindegi oraylıq qalalardan uzaqta jaylasıwı hám Petro Aleksandrovskke keletuğın jollardıń dáslep Qazalıdan baslanıp, Qızıl qum arqalı ótiwi qánigeli muğallimlerdi uchilishege shaqırıwdı kútá qıyın jáne qımbatqa túsiretuğın edi. Oraylıq qalalardan bólimge bir muğallimniń keliwi 1345 manatqa tústi. Bunday qarjı jumsaw patsha húkimetine jaqpadı. Sonlıqtan Túkstan úlkesiniń oqıw isleri boyınsha vedomstvosı Petro-Aleksandrovsk uchilishesine, ásirese dáslepki waqıtları qánigeli emes yamasa iste onsha sınalmağan adamlardı jiberip turdı.

Petro-Aleksandrovsk uchilishesiniń jumısın tekseriwshi revizordıń jasağan juwmağı menen praktikalıq usınısları Túrkstan úlkesiniń oqıw isleri boyınsha vedomstvosı tárepinen bárqulla maqullanatuğın edi. Usınday jağdaylardıń nátiyjesinde uchilishe internatına qabıllawda tárbiyalanıwshılardan aldın ala 2-3 ay dawamında ekzamen alıw tártibi ornatıldı. Bul tártip sırttan qarağanda oqıwshılardıń uqıplılığın tekseriw ushın islengendey bolıp kórinetuğın edi. Tiykarında ol oqıwshılardan uqıplılığın tekseriw emes, al jay xalıqtıń balaların internatqa qabıllamaw maqsetinde islenetuğın edi.

Usı aytılğan tártipke baylanıslı Túrkstan úlkesi uchilisheleriniń bas inispektorınıń atına 1890-jılı 1-martta jazğan raportında  uchilisheni basqarıwshı

jergilikli xalıq arasında tásiri kúshli adamlardıń usı waqıtqa shekem birde birewi óz balasın internatqa ornalastırmadı, onday bolıwı kútilmedi de, jarlı ata-analardıń balaları 2-3 ay dawamında ótkeriletuğın tekseriwge shıdam bere almadı, dep kórsetilgen. Raportta kórsetiliwinshe internatta hámmesi bolıp 7 tárbiyalanıwshı qalğan, onnan úshewi jergilikli xalıqtan bolıp, kem-kemnen tárbiyalanıwshılardıń sanı azayğan. Usı jağdaydı esapqa ala otırıp uchilisheniń basqarıwshısı aldın-ala tekseriw tártibin biykar etiwdi ótinedi. Biraq, bul ótinish ayaqsız qaldırılğanlıqtan uchilishede tárbiyalanıwshı jergilikli xalıq balalarınıń sanı tağı da azayıp ketedi.

Biraz waqıttan keyin muğallimlerdiń sostavın tazalaw boldı. Óytkeni olardıń kópshiligi jergilikli tildi bilmeytuğın hám pedagogikalıq jaqtan tájiriybesi az edi. Muğallimlerdiń tájiriybesizligi ulıwma oqıtıw processiniń tómenlewine, al olardıń jergilikli xalıq tilin bilmewi otırıqlı milletlerdiń balalarınan alınğan oqıwshılardı sawatsız qaldırıwğa shekem alıp keldi. Bunday muğallimlerden birewi haqqında Sırdárya oblastındağı xalıq uchilisheleriniń revizor inspektorı 1888-jılı tómendegilerdi jazadı. Ekinshi muğallim Volkovskiy Túkstan muğallimler seminariyasında oqıw kursın pitkergen, jetkilikli tájiriybege iye bolmağanlıqtan sabaq oqıtıwğa uqıpsız bolıp shıqtı. Tártipti aqılğa muwapıq usıllar menen emes, al oqıwshılardı baqırıp qorqıtıw jolı menen ornatıwğa umtıldı. Onıń sabaq bergen bólimlerinde úlgeriw 27 procentti quradı. Revizor inspektordıń bunnan keyingi bildiriwinde tómendegi bólimlerde oqıp atırğan jergilikli millet balalarınıń rus tilin bilmeytuğınlığı anıqlandı. Sonlıqtan rus muğallimleri olarğa geypara rus sózleriniń mazmunın da túsindirip bere almağan. Usınday jağdaylar internatta ushırasadı dep kórsetilgen.

Bulardıń hámmesi jergilikli xalıq balalarınan alınğan oqıwshılardıń rus tilinde bilim alıwğa qızığıwın tómenletti, olardıń kópshiligi oqıwdı taslap ketiwge májbúr boldı. Olardıń oqıwdı dawam ettiriwi ushın jağday tuwdırıwğa hesh kim qızıqpadı. Bul kemshiliklerdiń hámmesi de revizorğa belgili edi. Rus emes oqıwshılardıń rus tilin ózlestirip alıwın jeńillestiriw ilajın kóriwdiń ornına, ol faktlerdi kórsetip ótiw menen ğana sheklendi. Tek bul ğana emes, Rus emes jergilikli balalardıń úlgermew sebebin ózleri jarlı bolğanlıqtan balaları oqıw

múkinshiligine iye emes, dep olardıǹ ata-analarına júkledi. Revizor bunnan bılay uchilishege qabıl etkende bunday balalardıǹ sanın 3-5 adamnan arttırmaw ushın olardıǹ aldına úlken talaplar qoyılsın degen usınıs jasadı. Biraq patsha húkimeti Ámiwdár'yanıǹ sol jağasındağı el menen Xiywa xanlığınan uchilishege balalar tartıw úmitin joyıltpağan edi.

1891-jılı uchilishe internatına Xiywadan 8 bala qabıl etildi. Usığan baylanıslı ğamxorlıq etiwshi keṅes internattağı orındı 30 ğa shekem kóbeytiw, internat ushın mektep vrachın, úshinshi muğallim hám Túrkstan muğallimler seminariyasın pitkergenlerden internatqa baqalawshı belgilew máselesin qoydı.

Oqıwıshlardan ketip qalğanlardıǹ shennen tıs bolıwı hám sabaqtan kóplep úlgermewshilik uchilishe ushın xarakterli jağday edi. Mısalı, 1895-1896-oqıw jılınıǹ basında uchilishege 57 oqıwshı qabıl etilgen bolsa, sonnan oqıw jılınıǹ aqırında 26 bala qalğan. Sol 26 oqıwshıdan oqıw jılınıǹ aqırında joqarı bólimge 8 oqıwshı kóterilip, basqaları óz klasında qalıp qoyğan. Bulardan basım kópshiligi jergilikli xalıq balaları edi.

Uchilisheniǹ xızmeti qanaatlandırarlıqtay awhalda emes edi. Uchilisheniǹ 22 jıl (1874-1896-jılğa shekem) ómir súrgen dáwirinde hámmesi bolıp, tek 6 bala ğana ptkerip shıqtı. Bulardıǹ ekewi jergilikli milletlerdiǹ balaları edi.

Jergilikli xalıq balaların uchilisheni pitkeriw máselesine tiyisli usınday kórinisti bunnan keyingi jılları da bayqawğa boladı. Ulıwma alğanda bunday kemshiliktiǹ tiykarğı sebebi Túrkstanda úlkesindegi Ámiwdár'ya bóliminiǹ ózine tán ózgesheliklerinen dewge boladı.

Ámiwdár'ya bóliminde 20 bolıslıq bolıwına qaramastan ulıwma alğanda rus tilin biletuğın adamlar kútá siyrek ushırasatuğın edi. Jergilikli milletlerden shıqqan hámeldarlardıǹ da balaların Petro-Aleksandrovsk qalalıq uchilishesine beriw siyrek edi.

Arxiv materiallarındağı mağlawmatlarğa qarağanda Túrkstan úlkesiniǹ basqa qalalarındağı uchilishelerinde de ásirese onıǹ tómengi bólimlerinde ádettegidey russhadan jergilikli tilge awdarıw usılı qollanılğan.

## 1.2 Rus-tuzem mekteplerinin elge kadr tayarlawdağı xızmet dárejesi

Uchilishe XX ásirdiǹ baslarında da oqıwshılarğa real bilim beriwge múmkinshilik bar birden-bir oqıw ornı bolıp qaldı. Onıǹ aldına oqıwshılarğa tolıq baslanğısh bilim beriw hám olarğa patshashılıq ruxında diniy patriotlıq tárbiya beriw wazıypası qoyıldı.

Bilimlendiriw ministrliginiǹ 1903-jılı 14-iyundağı qalalıq uchilishelerdiǹ departamentine jazğan xatında usı jıldıǹ 1-iyulinen baslap Petro-Aleksandrovsk eki klasslıq qalalıq uchilishesin qaznadan hár jılı 1060 manat aqsha bólip shığarıw menen úsh klasslıq uchilishege aylandırıw tuwralı ruxsat alındı. Usınıǹ tiykarında Túrkstan general-gubernatorı general leytenat Ivanovtıǹ 1903-jıl 1-iyuldağı buyrığı boyınsha ol úsh klasslıq uchilishege aylandı hám onıǹ basqarıwshısı bolıp saray keǹesshisi Kornilovich bekitildi.

Úsh klasslıq Petro-Aleksandrovsk qalalıq uchilishesiniǹ burınğa oqıwshısı, házir Tórtkul rayonı “Sovet Ózbekstanı” kolxozında jasawshı Juman Toqımbetovtıǹ aytıwına qarağanda uchilishe Ivanovskiy kóshesiniǹ boyına jaylasqan, internat Petro Aleksandrovsktegi burınğı iri kapitalist Seytmurat Balqmanıǹ úyinde jaylasqan.

Petro-Aleksandrovsk qalalıq uchilishesi klasslıq xarakterdegi mektep boldı. Bul jağday onısız da materiallıq, ásirese diniy tásirlerdiǹ aqıbetinen sanı azayıp baratırğan jergilikli millet oqıwshılarına tásirin tiygizbey qalmadı, usığan baylanıslı olardı oqığanı ushın haqı tólewden qutqarıw tuwralı uchilishe pedagogikalıq keǹesiniǹ qararı shığıp turdı. Mısalı, 1899-jılı 20-marttağı pedagogikalıq keǹestiǹ qararı menen jergilikli milletlerdiǹ balalarınan 16 oqıwshı, al 1910-jılı 15-noyabrdegi qararı menen 18 oqıwshı haqı tólewden azat etildi.

Bul jergilikli milletlerden shıqqan oqıwshılardıǹ bilim alıwı ushın islegen ğamxorlıq emes. al patsha administraciyası óziniǹ kaloniyal, missionerlik siyasatın alıp barıwda isenimli adamlardı tárbiyalap shığıw óz maqseti ushın xızmet etip atırğan qalalıq mekteptiǹ jergilikli xalıq ortasında abroyı hám tásirin saqlaw ushın islenegn ilajlar edi.

1900-jılı jergilikli xalıq balalarınan jalğız bir adam-Baljanov Muxammed 1900-1901-oqıw jılında 4 adam Aytımov Ásen, Baljanov Matmurat, Kojurov Nurjan, Rahmatullaev Abdulla pitkergen.

Solay etip, Petro-aleksandrovsk rusmektepi 1903-jılı 1-iyulinen baslap hár qaysısı eki bólimnen turatuğın úsh klasslıq qalalıq uchilishe boldı. Onıǹ 1912-1913-oqıw jılındağı raspisaniesine analiz jasağanımızda pánler tómendegi tártipte oqıtılğan.

| **Pánler** | **Xáptelik saat** | | | **Úsh klass saatı hámmesi** |
|---|---|---|---|---|
| | 1-klass | 2-klass | 3-klass | |
| Rus tili | i | 5 | t | qi |
| Arifmetika | r | 4 | r | qw |
| Diniy nızam | y | 3 | w | qq |
| Tariyx | - | 2 | w | r |
| Geografiya | - | 2 | q | e |
| Tábiyattanıw | - | 4 | t | e |
| Geometriya | - | 2 | r | u |
| Taza jazıw | - | 1 | q | q |
| Súwret | - | 1 | | w |
| Hámmesi | qi | 24 | wr | yy |

Keltirilgen tablicağa qarağanda, geypara pánlerge bergen háptelik saatlardıǹ kóbeyiwi hám azayıp ketiwin esapqa almağanda, úsh klasslıq uchilisheniǹ oqıw planınıǹ eki klaslıq uchilisheniǹ oqıw planınan ayırması joq dewge boladı.

Biraq bir jıldan keyin, 1913-1914-oqıw jılındağı sabaq raspisaniesine analiz jasağanımızda 1 hám 2 klasslarınıǹ oqıw jobasında ádewir ózgerislerdiǹ

bolğanlığın kóriwge boladı. 1912-1913-oqıw jılınıǹ háptelik oqıw saatı 1-klassta - 19, 2 hám 3 klasslarda 32 saattan tuwra kelip oqıwshılar hápteniǹ 4-kúni 5 saattan, al qalğan 2 kúnin 6 saattan oqığan.

Soğan baylanıslı bul klasslardıǹ ekewinede ózbek tiline 3, gimnastika - 2, qosıq - 3 saattan taza pánler qosılıp, háptelik oqıw saatı (ulıwma esap penen 8 saatqa) kóbeygen.

Bul ózgerisler dáwirdiǹ talapları, janlanıp baratırğan jergilikli burjuaziyanıǹ tásiri, sonday-aq rus jergilikli mektepleri, jádit usılındağı mektepler hám jeke mektepler sanınıǹ kóbeyiwine baylanıslı islengen bolıwı itimal.

Uchilishedegi oqıwshılardıǹ quramı hár jılı ózgerip turdı. Oqıwdı taslap ketiw hádiysesi sezilerli dárejede edi. Ásirese jergilikli xalıq balalarınıǹ sanı oqıw kurslarınıǹ aqırına shekem kútá azayıp qalatuğın edi. Uchilishedegi oqıwshılardıǹ ulıwma sanı 1878-1897-jıllardıǹ ortasında 27 adamnan 63 adamğa shekem, 1898-1917-jılğa shekemgi aralıqta 73 adamnan 100 adamğa shekem kóbeyip, aytarlıqtay ósiw bolmadı. 1914-1917-jıllardağı imperialistlik urıs dáwirinde oqıwshılardıǹ ulıwma sanı ádewir azaydı, 1917-jılı uchilishede hámmesi bolıp 64 oqıwshı ğana qaldı. Keltirilgen faktlerge qarağanda uchilishedegi oqıwshılar sanınıǹ kóbeyiwin Ámiwdárya bóliminiǹ territoriyasında sanaat hám sawdanıǹ biraz janlanıwı menen baylanıstırıwğa boladı. Biraq bul evropalılar bóleginen shıqqan xalıqtıǹ balaları esabınan bolatuğın edi.

1906-jılı uchilishede jergilikli xalıq balalarınan 21 oqıwshı boldı, bul ulıwma oqıwshılardıǹ úshten birin derlik quraytuğın edi. Biraq bunnan keyingi waqıtları oqıwshılar sanınıǹ azayıwı hádiysesi tağı baslandı. Jergilikli milletlerdiǹ balalarınan 3 ğana oqıwshı qaldı.

Joqarıda aytıp ótilgen bir qansha kemshiliklerğe qaramastan Petro-Aleksandrovsktegi bul uchilishe ulıwma alğanda el arasında real bilimlerdi taratıwda, xalıqtı rus mádeniyatına jaqınlastırıwda ádewir unamlı rol oynadı. Onı revolyuciyağa shekem 118 adam pitkerip shıqtı, sonnan 14,4 procenti jergilikli xalıq balaları edi. Uchilishede din sabağınan tısqarı rus tili, ádebiyat, esap, algebra hám geomertiyanıǹ baslanbaları, ulıwma tariyxtıǹ elementleri bar Rossiya tariyxı,

geografiya tábiyattanıw hám fizika, súwret, sızıw, qosıq, fizkul'tura sıyaqlı ulıwma bilim beretuğın real pánler oqıtıldı.

Uchilishe 1914-jıldan baslap tórt klasslıq joqarı uchilishege ótkennen keyin ulıwma alğanda házirgi segiz jıllıq mekteptiǹ 6-7-klassları kóleminde bilim berdi.

Uchilisheni pitkergenler, ásirese olardıǹ jergilikli milletlerden shıqqanları Ámiwdárya bóliminde hám Xiywa xanlığında dilmashlar, mekeme basqarıw isleri, sawda firmaları hám basqalarda mayda hámeldarlar sıpatında xızmet etti. Mısalı, Ámin Agiev Xiywa xanınıǹ dilmashı, Nurjan hám Adambaylar Ámiwdárya bólimi baslığınıǹ dilmashları, Qaraqazaqov hám Nasrullalar bólimdegi sudya baslığınıǹ dilmashı, soǹ suw xojalıq xızmetkeri bolıp isledi.

Olardan geyparaları Ámiwdárya flotında, pochta hám telegrafta, zavod hám kárxanalarda xızmet etti. Olardan bilimlendiriw hám mádeniyat tarawlarında da islegenler boldı. Mısalı, uchilisheni pitkergen Erjan Kojurov Tashkenttegi muğallimler seminariyasın pitkergennen soǹ uzaq jıllar dawamında Shoraxandağı rus-jergilikli mektebinde rus tili muğallimi hám mektep basqarıwshısı bolıp isledi, Ózbek baspa isiniǹ xızmetkeri-litograff Atajan Abdalov ta uchilishede oqığan edi. Uchilisheni pitkergen M.Baljanov hám basqalar 1919-jılı jergilikli "sol" qanat jaditshilik háreketinde turıp atqarıw komitetiniǹ quramında jumıs isledi, kóshpeli revkomniıǹ ağzaları bolıp saylandı. Olar Ámiwdár'ya bóliminde ğárezsizlik ornatıw hám onı bekkemlew ushın gúresate aktiv qatnastı Ámiwdárya oblastıq atqarıw komitetiniǹ birinshi baslığı Juma Atashev, Ózbekstanğa xizmet kórsetken vrach Miynet Qaharmanı Orazımbet Xalmuratov dáslepki bilimdi mine usı uchilisheden alğan edi.

# II BAP. TÓRTKÚLDEGI RUS TÚZEM MEKTEPLERINIŃ ÓZINE TÁNLIKLERI

## 2.1 Ulıwma bilim beretuğın birinshi qalalıq baslawısh mektep

Qaraqalpaq territoriyası rus patshashılığı koloniyasına aylandırılğannan keyin xalıqtıń talap etiwi nátiyjesinde basqa mektepler menen qatar qızlarğa da bilim beretuğın birinshi mektep shólkemlestirildi. Petro-Aleksandrovsk házirgi Tórkul qalasında qiit-jılı avgust ayında qızlar ushın qatnap oqıytuğın mektep ashıldı. Bul mektepti ashıw tómendegi jağdaylarğa baylanıslı boldı.

Sirdáriyalıq uchilishelerdiń inspektorı 1885-jılı aprelde Petro-Aleksandrovsk qalasına kelgende mektep jasında jigirmadan aslam rus qızlarınıń barlığı anıqlandı. Sol sebepli Túrkstan krayınıń bas inspektorı aldına bul qızlardı oqıtıw, Petro-Aleksandrovskidiń qárejetinen bir klasslıq mektep ashıwdıń zárúrligi haqqında másele qoyğan. Uchilisheniń bas inspektorınıń dokladına muwapıq Túrkstan krayınıń General-gubernatorı 1885-jılı 1-avgusttan baslap bul mektepti ashıw tuwralı 1885-jılı 16-mayda buyrıq bergen.

Petro-Aleksandrovsk qızlar mektebin shólkemlestiriwshi hám onıń birinshi baslığı Omsk gimnaziyasın pitkergen E.Kulakov bolğan. Bul mektep kirewge alınğan jayda ashılğan. Eń dáslep oğan 7 jastan 15 jasqa shekemgi qızlar qabıl etilgen. Bul jılları (1885-1917) oqıtıwshılardıń sanı 13-57 arasında bolğan.

Mektep jayı oqıwdı normal ótkeriw ushın qolaylastırılmağan hám klassları jaqsılap úskenelenbegen. Bunnan tısqarı oqıw kitapları hám oqıw qurallardıń sanınıń artıwına jaman tásirin tiygizgen.

Qatnap oqıytuğın qızlar mektebiniń oqıw múddeti 3 jıl bolğan. (1828 j. Ustavı boyınsha). Mektepte oqılatuğın sabaqlar 1885-jılğı bağdarlama boyınsha

din sabağı, slavyansha oqıw, rus tili, oqıw hám jazıw, baslanğısh esap, rus tariyxınan hám geografiyadan áhmiyetli mağlwmatlar menen tanıstırıw bolğan. bunnan basqa qızlarğa shirkew qasında qosıqlar hám qol óneri úyretilgen.

Bul mektepke keyingi jıllarğa deyin 2-muğallimniṅ shtatı bolmağan. Mektepte bir klassta Oktyabi revolyuciyasınıṅ aldıṅğı jılları eliwlegen qızdı bir muğallim oqıtqan. Mektepte qızlar ushın tolıq jeterliktey patra da bolmağan. Bul mektepke heshkim ğamxorlıq qılmağan.

Usınıṅ nátiyjesinde 32 jıl dawamına shekem jaqsı nátiyje bermegen. Mekteptiṅ oqıwın aradan 7 jıl ótkennen keyin birinshi ret 1892-jılı 5 qız pitkerip shıqqan. Mekteptiṅ oqıwın ekinshi ret 1898-jılı 3 qız pitkerip shıqqan. Ulıwma alğanda otız eki jıldıṅ dawamında bul mektepti tek 8 qız-aq pitkerip shıqqan. Tek birli-yarım tatar qızlarınan basqa jergilikli qızlardan bul mektepti bir de adam oqımağan. Bul jağday hayaz-qızlardıṅ, ásirese jergilikli hayal-qızlardıṅ arasında qullıqtıṅ hám nadanlıqtıṅ ósiwine járdemlesken. Ámiwdár'ya bólimindegi qızlarğa bilim beretuğın birinshi mekteptiṅ awhalı usı joqarıda aytılğan túrde bolğan.

Usılay bolsa da Orta Aziya xalıqlarınıṅ arasında, onıṅ ishindegi qaraqalpaqlardıṅ arasında hayal-qızlarğa feodallıq kóz qarastıṅ qattı kúsheygen dáwirinde bul territoriyada qızlarğa bilim beretuğın mekteptiṅ ashılıwınıṅ ózi prgressivlik xarakterge iye boldı.

## 2.2 Jergilikli rus baslawısh mektepleriniṅ ózine tánlikleri

Ámiwdárya bólimindegi xalıqlardıṅ bilimlendiriw jumısına baylanıslı ekinshi qatar islengen isler jergilikli rus mekteplerin ashıw máselesi boldı. Birinshi jergilikli rus mektebi 1887-jılı 1-avgusta Ámiwdárya bóliminiṅ territoriyası Nókis elatında ashıldı. Ol zamanda Nókiste rus áskerleri, onıṅ átirapındağı dár'ya boyında ural'skiler hám jergilikli xalıqlardan qazaqlar, ózbekler hám qaraqalpaqlar turatuğın edi.

Bul mektepti shólkemlestirgen hám birinshi basshılıq etken Túrkstan seminariyasın pitkerip kelgen Ismayıl Qospaev bolğan. Jergilikli molla Qádir-Muxammed Qalmuxamedov jergilikli sawat ashtıratuğın muğallim bolıp

tayınlanğan. Mektep baslığınıǹ 1887-1888-oqıw jılındağı bergen esabatında 8 bala oqıp, onıǹ úshewi rus, qalğanı jergilikli xalıqtıǹ balaları ekeni kórsetilgen.

Oqıw múddeti 3 jıl bolğan, onda rus tilinde hám jergilikli tilde oqıtılğan. Biraqta, bul mektep uzaq waqıt dawam qılmağan. Sırdárya oblast bilim jurtınıǹ inispektorı Mironeev bul mektep isleri menen tanısıp shıqqannan keyin Túrkstan krayınıǹ general-gubernatorına mına pikirdi jazadı' úlken maqsetti kózde tutıp shólkemlestirilgen bul mektepte júdá az bala oqıydı. Onda hámmesi bolıp 7 bala onıǹ besewi jergilikli, al qalğanı rus balaları. Bul balalardıǹ hár qaysısı ushın húkimet jılına  142som 14 tiyin aqsha sarıp etiledi. Bul awhal menen mektepti dawam ettiriwden meniǹshe hesh qanday máni shıqpayda, onı durısıraq jerge kóshirip hám kóbirek bala tartıw sharasın kóriw lazım.

Túrkstan karayınıǹ general-gubernatorı joqarıda kórsetilgen inspektorınıǹ juwmağın bekkitti hám 1883 jılı 1 iyunde Nókis mektebin japtı. Qaraqalpaq territoriyasındağı birinshi ret ashılğan bul jergilikli rus mektebi 11 aydan keyin pútkilley jabıldı.

Bunnan 12 jıl ótkennen keyin, 1900-jılı Shımbayda hám Shoraxanda eki taza jergilikli rus mektebi ashıldı. Bul mekteplerge qárejet jergilikli xalıqtan jıynaldı. Patsha dáwirinde barlıq keǹsedegi islerdiǹ hám esap–sanaq jumıslarınıǹ hámmesi rus tilinde júrgizilgenligi bizge málim. Sonıǹ ushın qalalıq uezdlik hám volostlıq hákimshilik  orınlarında xat islerin, esap islerin aparğanday, suw (arıq aqsaqal) hám bajbanlıq islerin rus tilinde júrgizgendey mayda xızmetkerlerdi tayarlaw kerek boldı. Petro-Aleksandrovsk qalasında bir qalalıq mektep sonsha muğdarda mayda xızmetkerlerdi tayarlap jetkere almadı. Bul jağday patsha hákimlerin bul territoriyada koloniyalıq siyasattı júrgiziw isine irkinish jasaytuğın boldı. Ámiwdár'ya bólimiǹ baslığı Túrkstan general-gubernatorına 1898-jılı jazğan xatında jergilikli rus mektebin ashıwdıǹ kerekligi haqqında bılay dep jazdı: “Házirgi Ámiwdárya bóliminiǹ barlığına Petro-Aleksandrovskdegi qalalıq mektep-barlıq Ámiwdárya bólimindegi bir ğana oqıw ornı bolğanlıqtan jergilikli xalıqtıǹ balalarına jetispeydi. Bul jağday ulıwma xalıqlardıǹ (1896-1899) esabın alğan waqıtta oğan kerekli nárselerdi russhadan jergilikli tilge awdarğanday adam

tabılmadı. Joqarıdağı aytılğan qalalıq mektepte oqığan birli-jarımlı jaslardı tabıwdıǹ ózi júdá qıyın boldı. Bul birinshi jağday bolsa, ekinshi jağday jergilikli sawdagerlerdiǹ rus kupecleri menen baylanısınıǹ kem-kemnen artıwı, olardıǹ rus tilin úyreniwge mútájlığın tuwğızdı. Sonıǹ ushın da jergilikli sawdagerlerdiǹ rus-jergilikli mekteplerin awıwda járdem beriwi hám balaların rus tilinde oqıtıwğa talpınıwı tosınan bolğan  nárse emes.

Usı joğarıda aytılğanlardıǹ hámmesi jergilikli  rus mekteplerdiǹ Ámiwdár'ya bóliminiǹ territoriyasında ashılıwına jağday tuwğızdı. 1900-jılı 28-iyunde Túrkstan general-gubernatorınıǹ usı jıldıǹ 1-iyunınan baslap Shoraxan hám Shımbay qalalarında jergilikli rus mekteplerin ashıw haqqında buwrığı shıqtı.

Bul mekteplerdi ashıwda Ámiwdár'ya bóliminiǹ baslığı hám jergilikli sawdagerler belsendilik penen qatnastı. Bul mekteplerdiǹ qarjı ushın hár qaysısına jergilikli aqshadan 1195 somnan bólindi. Tashkentten parta, klass doskaları hám basqa da sol sıyaqlı kerekli oqıw quralları jáne ásbaplar aldırılıp, eki mektepke bólip berildi.

Jergilikli hákimler, sawdagerlerdiǹ qatnası menen evropalıq tipte jaylar saldırıp hám mektepke xojalıq jağınan kúndelikli járdem berip turıwı ushın, jergilikli sawdagerlerden qáwenderlikke adamlar tayınlanğan.

Nusqaw boyınsha mektep úsh jıllıq bolğan. Shoraxan mektebiniǹ birinshi baslığı  hám rus tili muğallimi Xanin, jergilikli sawat ashıw muğalllimi molla Saat Nazar Supıjanov bolğan. Shımbay mektebiniǹ birinshi baslığı hám rus tili muğallimi  Korotkov, jergilikli sawat ashıw muğallimi molla Jenalı Jurikov bolğan.

Birinshi oqıw jılı Chımbayda 15 bala menen, Shoraxanda 22 bala menen, 1900-jılı 17-oktyabrde baslanğan. Mekteptiǹ qasında balalardıǹ jatıp oqıytuğın inertantı bolmağanlıqtan. Ayırım ata-analar mektepke jaqın jerden balalarına kreyge jay tuwıp bergen.

Mekteptiǹ qasında balalardıǹ jatıp oqığanday jayı bolmawı hám sol sıyaqlı basqa da bir qatar jağdaylardıǹ  nátiyjesinde bul eki mekteptegi oqıwshılardıǹ ulıwma sanı 30-100 den aspağan. Bul mekteplerde oqıw jılı ulıwma alğanda 125

kúnnen artpağan, óytkeni rus hám musılman dinlerindegi kalendar boyınsha kóplegen bayram kúnlerinde oqıw bolmağan.

Hár kúni eki saat rus tili hám sonshelli waqıt islam dini tiykarında oqılatuğın jergilikli sawat ashıw sabağana waqıt berilgen. Bulardan tısqarı esaptan tórt ámel, tariyxtan eṅ áhmiyetli waqıyalar hám mağlıwmatlar, georgafiyadan kóbinshe Rossiyanıṅ geografiyalıq jağdayları menen oqıwshılardı tanıstırıw sıyaqlı elementar' bilimler oqıtılğan. Jergilikli sawat ashıw baslawısh klasslarda Sayd-Rasul-Xodji Sayd Azizovtıṅ ózbek tilinde jazğan "Ustad-Avval" kitabınan, joqarğı klasslarda Kalininniṅ rus tilinde jazğan Túrkstan krayındağı jergilikli rus mektepleri ushın xrestomatiya kitabınan oqıtqan.

"Ustad-Avval" kitabınıṅ 1 bólimi ózbek tilinde dıbıslap oqıtıw metodı menen balalardı tez sawat ashıwına qolaylastırılğan. 11-bólimi arab tilinde orta ásirdegi musılman mekteplerindegi háriplerdi qurastırıw metodı menen qıyın sawat ashıwğa tiykarlanğan. Kitaptıṅ birinshi hám ekinshi bólimleriniṅ hámmesi de islam ideologiyasında jazılğan bolsa da, ózbek tilinde taza dıbslap oqıtıw usılınıṅ qollanılıwı, burınğı arab tilindegi háriplerdi eski metod penen qurastırıp oqıtıw usılına qarağanda, ilgeri qádem atqanlıq bolıp esaplanadı. Biraqta, bul mekteptegi jergilikli sawat ashıw sabağın oqıtatuğın muğallimler, ásirese Shımbaydağı mekteptiṅ muğallimi, burınğı molla bolğanı ushın tazasha dıbıslap oqıtıw metodların bilmedi. Sonıṅ ushında ol kitaptıṅ birinshi bólimindegi dıbıslap tazasha oqıtıw usılınan góre, kitaptıṅ ekinshi bóliminedig háriplerdi qurastırıp eskishe oqıtıw usılına kóbinese kewil bóldi. Bul jağday jergilikli xalıq balalarınıṅ tez sawat ashıw máselesine ádewir irkinish jasadı.

Shımbaydağı mektepte oqıytuğın balaları bar ata-analardıṅ Ámiwdárya bóliminiṅ baslığına jazğan arzalarınıṅ bir-ekewinde bul tuwralı bılay delingen Jergilikli sawat ashıw jep atalğan pán júdá diniy xarakterde, onı oqıtıwda oqıwshılardıṅ kópshiligin quraytuğın qaraqalpaq hám qazaq balalarınıṅ ana tiliniṅ hesh bir elementleri joq. Sonıṅ ushın arza beriwshi ata-analar Ámiwdárya bóliminiṅ baslığınan Shımbaydağı jergilikli rus mekteptegi jergilikli sawat ashıw pánin oqıtatuğın din xızmetkerlerin muğallimlikten bosatawın sorağan. Bul

muğallim balalardıń jergilikli sawatın ashaman dep, onıń ornına dindi oqıtatuğınlığına balalardıń ata-anaları qarsılıq kórsetken.

Xalıqlardıń bunday diniy pánlerdi oqıtıwğa etken qarsılığı Ámiwdárya bóliminiń baslığı tárepinen ayaqsız qaldırılğan.

Biraq, bul mekteplerde jergilikli sawat ashıw oqıwına qarağanda, rus tilinde oqıtıwdıń bir qansha jetkiskenliklerin kóremiz. Oğan sebepler birinshiden rus tilin oqıtıwshı muğallimler arnawlı oqıw orınların pitkergen qánige adamlar bolğan hám olardıń bir qanshası oqıwshılardıń ana tilin de bilgen. Mısalı, Erjan Kojurov Tashkenttegi muğallimler seminariyasın pitkerip kelip, Shoraxandağı rus jergilikli mektebin basqarğan hám onda rus tilin oqıtqan.

Bul jerde rus tilinde sawat ashıw dıbıslap oqıtıw usılı menen júrgizilip hám kórsetpeli principti qollanğan. Sonıń ushında oqıwshı balalar russha tez oqıwğa hám jazıwğa erisken. Jáne de muğallim Kojurov oqığanlarınıń mazmunın balalardıń ana tilinde túsindirip, onıń mazmunın sanalı túrde uğınıwına imkaniyat tuwğızğan hám russha jazıw hám rus tilin úyreniwinde oqıwshılardıń ulıwma rawajlanıwna sebepker bolğan.

Sol waqıttağı qaraqalpaq intelligentleriniń kópshiligi russha baslawısh bilimdi usı joqarıda aytılğan, jergilikli rus mekteplerden alğan. Mısalı, “sol” qanat jaditchiler toparınıń ağzaları Qazaqbay Allambergenov (burınğı qaraqalpaq oblastlıq partiya komitetiniń sekretarı), Jumabay Qurbanov (burınğı sovnarkomnıń predsedateli), Turdımurat Nzamaddinov (burınğı Gosplannıń perdsedateli), Seyt Tureev (burınğı Narkospros hám tağı sol sıyaqlılır).

Ekinshiden, S. M. Gramenckiy dúzgen oqıw kitabı ol dáwirdegi kitaplardıń ishinde metodikalıq jaqtan durıs dúzilgen kitaplardan bolıp esaplanadı. Bul kitaptıń mazmunına tábiyat hám jámiyet turmısları haqqında qısqa mağlıwmatlar menen birge, rus ádebiyatınıń klassikleri Pushkin, Lermontov, Krılov, Tolstoy hám sol sıyaqlı jazıwshılardıń kısqasha jazılğan gúrrińleri hám qosıqları kirgen. Budardan tısqarı elementar bilim beretuğın túrli pánlerdiń oqıtılğanın biz joqarıda sóz qılğanbız.

Bunday ulıwma bilim beretuğın pánler, eski usıl menen oqıtılatuğın musılman mekteplerinde bolmağan. Sonıǹ ushında jergilikli rus mektebi bir qatar progressivlik rol tutqan. Shoraxan jergilikli rus mekteptiǹ bir oqıwshısına bir adam eski musılman diniy mektebi jaqsı ma, ya jergilikli rus mektep jaqsı ma dep sorağan sorawına, oqıwshı oğan "Ol dún'ya ushın ne bolatuğınlığın bilmeymen, biraqta bul dúnya ushın jergilikli rus mektep jaqsı' jep juwap bergen.

Óytkeni olar eski musılman mekteplerine qarağanda, elementar túrde bolsa da jergilikli xalıqtıǹ arasında birinshi mártebe ulıwma bilim taratqan. Jánede jergilikli xalıqtıǹ arasında russha sawat ashıw isin bul mektep en jaydırğan hám rus xalqı menen jergilikli xalıqtıǹ baylanısın nığaytıwğa jáne rus xalqınıǹ aldağı mádeniyatın jergilikli xalıqtıǹ arasında taratıwğa sebepker bolğan. Demek, bul mekteplerdiǹ arasında muğallimler menen demakratiyalıq keyiptegi rus intelligentleri hám aldağı rus ilimpaz wákilleriniǹ jaqsı taza órneklerin hám joqarğı mádeniyatqa erisiw sıyaqlı aldağı jámiyetke ılayıqlı olardıǹ unamlı sıpatların jergilikli xalıqtan shıqqan intelligentler ózine qabıl qılğan.

Bul shınında da rus mádeniyatı menen ilimiy ağartıw isleri menen tanısıw oğada úlken áhmiyetke iye boldı, sebebi olardı biliw Rossiyanıǹ revolyuciyalıq demokratiyalıq oy-pirkiri jaditshilerdegi ğárezsizlik ideyaların jetilistiriw, qásiyetine iye edi. Ásirese, mektep jumıslarınıǹ bunday nátiyjeleri, álbette, patsha hákimleriniǹ maqsetlerine hám nátiyjelerine pútkelley muwapıq kelmedi. Bulardıǹ barlığı Xiywa xanınıǹ despotikalıq ústemlik qılğan dáwirine salıstırğanda, progressiv is bolıp sanaladı. Biraqta, bunday isler júdá az muğdarda edi hám olar negizinde rus patshasınıǹ hákimleriniǹ hám jergilikli xalıqtan shıqqan qúdiretli adamlardıǹ jáne kupeclerdiǹ balaların támiynlew ushın ğana edi.

## 2.3 Rus-túzem mektepleri hám Qaraqalpaqstanda jádidshilik háreketi

Haqıyqatında da uchilisheniǹ dáslepki muğallimlerinen Prozvickiy hám Morinovalar arnawlı pedagogikalıq bilimi joq adamlar edi. Olardan Prozvickiy muğallimshilikti 1874-jıldıǹ 1-noyabrinen usı mekteptiǹ ózinde baslaydı, hújjetleri

bolmağan. Onıǹ ulıwma bilimi-Moskvadağı birinshi áskeriy gimnaziyada ilimler kursın pitkerip, Pavlov atındağı birinshi áskeriy uchilishege kirgen. Biraq onıǹ ekinshi kursın tamamlamay-aq Túrkstandağı 8-liniyalıq batalionda qatardağı jay áskeriy xızmet atqarğan. Prozvicskiydiǹ  muğallimlilikke shaqırılıwı sol waqıttağı patsha húkimetiniǹ kútá isenimli qatlamı-dvoryanlardan shıqqanına baylanıslı bolsa kerek.

Prozvicskiydiǹ járdemshisi sıpatındağı Morinov jergilikli  artilleriya komandasınıǹ unter-oficeri edi. Ol usı mekteptegi muğallimshilikti Prozviskiyden burınıraq, 1874-jılı 1-avgustan yağnıy, mekteptiǹ ashılıwı kúninen baslaydı.

Sonıǹ menen birge dáslepki jılları mektep xızmetin bahalawda, ásirese oqıwshılardıǹ bilim, uqıp hám kónlikpelerin tekseriwde, arnawlı qádeler hám belgili tártip bolmağan. Mısalı, oqıwshılardan ekzamen alıw 1875-jılı may ayınıǹ aqırında ótkerilgen. Ekzamen alıw komissiyası Ámiwdárya bólimine jaylasqan áskeriy kúshlerdiǹ oficerleri menen jergilikli ruwxaniylerden dúzilgen. Al ekinshi ekzamen bólimdegi geypara oficerlerdiǹ qatnasıwı menen bólim baslığınıǹ basshılığında Iusus Xristıǹ tuwılıw bayramınıǹ aldanda ótkerilgen. Demek, mektep óz jumısın baslağan birinshi jılları, ol Túrkstan úlkesindegi oqıw islerin basqaratuğın vedomstvoğa birden qarasılı bolmay, onıǹ xızmeti tutası menen alğanda qarjı berip turğan jergilikli áskeriy bólimniǹ ıqtıyarında bolğan.

Joqarıda aytılğan qıyınshılıqlardıǹ aqıbetinde hátte ruslardıǹ da geyparaları, ásirese, urallı ruslar óz balaların uchilishege  jiberiwden bas tartıp , jeke mekteplerge ornalastırğan. Bunday awhal Ámiwdár'ya bólimindegi birden-bir oqıw ornınıǹ bunnan bılay ómir súriwine qáwip tuwdırdı.

Mektep jumısın biraz shiyelestirgen bunday qıyın jağdaydı saplastırıw maqsetinde patsha admiristraciyasına bir qatar ilajlar islewge tuwra keldi.

Mektep bir klasslıq qalalıq uchilishe bolıp dúzilgen waqıtta tómengi hám joqarı bolıp eki bólimge bólingen. Mekteptiǹ tiykarğı muğallimi Prozvicskiydiǹ uchilisheniǹ awhalı haqqında 1876-jılı 27-fevraldağı mağlıwmatına qarağanda Túrkstan  general-gubernatorı tárepinen xalıq uchilisheleri ushın tastıyıqlanğan programma (bağdarlama) kóleminde mektepte rus tili, oqıw, jazıw, diniy nızam,

esap hám qosıq sabaqları ótilgen. Eki klassta da háptelik oqıw waqtı 18 saattan bolıp, sonnan tómengi bólimde: oqıw — 5 saat, jazıw - 5 saat, diniy nızam - 5 saat, esap - 4 saat bolsa, joqarı bólimde: diniy nızam - 3 saat, rus tili - 4 saat, esap - 4 saat, geografiya - 2 saat, jazıw - 4 saat, qosıq - 1 saat bolğan. Hár kúngi oqıw azanğı saat 9 dan kúndizgi 12 ge shekem, jazğı dem alıslar 1-iyunnan 1-avgustqa shekem dawam etken.

Mekteptiǹ oqıw jobasına kirgen pánlerden diniy nızam xristian dini táliymatınıǹ baslanbası hám basqa da geypara usınday qollanbalar boyınsha oqıtıladı. Rus tili hám oqıw Paul'sonnıǹ kórsetpesi boyınsha hám Krılov penen Xemnicerlerdiǹ jaqsı dep esaplağan tımsalların oqıp úyreniw tiykarında alıp barıldı, sonday-aq diktant jazıwlar ótkerildi. Esap awızeki esaplaw hám máseleler sheshiw, praktikada qollanıw jolı menen úyrenilip, bunda xalıq uchilisheleri ushın Leve tárepinen dúzilgen qollanbadan paydalanıldı. Georgrafiyanı oqıtqanda da fizikalıq geografiyadan ulıwma túsinikler hám dúnya bólekleriniǹ qısqasha bayanlaması berilip, onıǹ ushın basshılıq sıpatında “Jer há onıǹ ústinde neler bar?” kitabınan paydalanıldı. Jazıw, jazıwğa úyretiw ushın tayar basshılıqtıǹ bolmawınan Prozvicskiydiǹ ózi qol jazba túrinde qollanba islegen. Qosıqtan gammağa dáslepki úyrenip shınığıw, basshılıqqa alınatuğın qollanbalarısız bir dawıs penen aytılatuğın shirkew qosıqları úyretildi.

Oqıwshılardı oqıw quralları menen támiyinlew mektep esabınan bolıp, oqıwshılarğa hár kúni úyinde oqıw ushın kitaplar berilip turılğan. Arxiv materiallarına qarağanda mektep qaptalınan kitapxana shólkemlestirilgen. Biraq, ondağı kitaplardıǹ hámmesi derlik diniy kitaplardan ibarat bolğan.

Patsha admiristraciyasınıǹ gózlegen maqsetin ámelge asırıw ushın uchilishe 1879-jılı eki klasslıq uchilishege aylandırılıp, biraz keǹeyttirildi.

Eki klasslıq qalalıq uchilishe bolıwına baylanıslı bólimniǹ Shoraxan uchastkasında komissiya dúzilip, oğan rus balaları ushın ğalaba minnetli oqıwdı ámelge asırıw hám olardı Petro-Aleksandrovsk uchilishesine tartıw jobasın islep shığıw tapsırıldı. Bul komissiya usı tarawdağı bar jağdaylar menen tanısıp bolğannan keyin jekke rus mektepleriniǹ hámmesin jabıw hám olarda oqıp atırğan

oqıwshılardıǹ hámmesin eki klasslıq qalalıq uchilishege beriw zárúrligi tuwralı juwmaqqa keldi. Tağı da komissiya balaların uchilishege beriwden bas tartqan qurğın adamlarğı 25 manattan shtraf salıw, al jarlı adamlardı 7 kúnge shekem qamawğa alıwdı usında. Ámiwdárya bóliminiǹ baslığınıǹ komissiya usınıslarınıǹ bir punktinen basqasınıǹ hámmesin tastıyıqladı. Ol punkt uraldan kóship kelgenlerge tiyisli bolıp, házir olardı hár qanday jazıwlarda qorqıta almaydı dep bólim baslığı dáliyl aytqanday boldı.

Biraz waqıttan keyin muğallimlerdiǹ sostavın tazalaw boldı. Óytkeni olardıǹ kópshiligi jergilikli tildi bilmeytuğın hám pedagogikalıq jaqtan tájiriybesi az edi. Muğallimlerdiǹ tájiriybesizligi ulıwma oqıtıw processiniǹ tómenlewine, al olardıǹ jergilikli xalıq tilin bilmewi otırıqlı milletlerdiǹ balalarınan alınğan oqıwshılardı sawatsız qaldırıwğa shekem alıp keldi. Bunday muğallimlerden birewi haqqında Sırdárya oblastındağı xalıq uchilisheleriniǹ revizor inspektorı 1888-jılı tómendegilerdi jazadı. Ekinshi muğallim Volkovskiy Túkstan muğallimler seminariyasında oqıw kursın pitkergen, jetkilikli tájiriybege iye bolmağanlıqtan sabaq oqıtıwğa uqıpsız bolıp shıqtı. Tártipti aqılğa muwapıq usıllar menen emes, al oqıwshılardı baqırıp qorqıtıw jolı menen ornatıwğa umtıldı. Onıǹ sabaq bergen bólimlerinde úlgeriw 27 procentti quradı. Revizor inspektordıǹ bunnan keyingi bildiriwinde tómendegi bólimlerde oqıp atırğan jergilikli millet balalarınıǹ rus tilin bilmeytuğınlığı anıqlandı. Sonlıqtan rus muğallimleri olarğa geypara rus sózleriniǹ mazmunın da túsindirip bere almağan. Usınday jağdaylar internatta ushırasadı dep kórsetilgen.

Bulardıǹ hámmesi jergilikli xalıq balalarınan alınğan oqıwshılardıǹ rus tilinde bilim alıwğa qızığıwın tómenletti, olardıǹ kópshiligi oqıwdı taslap ketiwge májbúr boldı. Olardıǹ oqıwdı dawam ettiriwi ushın jağday tuwdırıwğa hesh kim qızıqpadı. Bul kemshiliklerdiǹ hámmesi de revizorğa belgili edi. Rus emes oqıwshılardıǹ rus tilin ózlestirip alıwın jeǹillestiriw ilajın kóriwdiǹ ornına, ol faktlerdi kórsetip ótiw menen ğana sheklendi. Tek bul ğana emes, Rus emes jergilikli balalardıǹ úlgermew sebebin ózleri jarlı bolğanlıqtan balaları oqıw múkinshiligine iye emes, dep olardıǹ ata-analarına júkledi. Revizor bunnan bılay

uchilishege qabıl etkende bunday balalardıǹ sanın 3-5 adamnan arttırmaw ushın olardıǹ aldına úlken talaplar qoyılsın degen usınıs jasadı. Biraq patsha húkimeti Ámiwdár'yanıǹ sol jağasındağı el menen Xiywa xanlığınan uchilishege balalar tartıw úmitin joyıltpağan edi.

1891-jılı uchilishe internatına Xiywadan 8 bala qabıl etildi. Usığan baylanıslı ğamxorlıq etiwshi keńes internattağı orındı 30 ğa shekem kóbeytiw, internat ushın mektep vrachın, úshinshi muğallim hám Túrkstan muğallimler seminariyasın pitkergenlerden internatqa baqalawshı belgilew máselesin qoydı.

Oqıwıshlardan ketip qalğanlardıǹ shennen tıs bolıwı hám sabaqtan kóplep úlgermewshilik uchilishe ushın xarakterli jağday edi. Mısalı, 1895-1896-oqıw jılınıǹ basında uchilishege 57 oqıwshı qabıl etilgen bolsa, sonnan oqıw jılınıǹ aqırında 26 bala qalğan. Sol 26 oqıwshıdan oqıw jılınıǹ aqırında joqarı bólimge 8 oqıwshı kóterilip, basqaları óz klasında qalıp qoyğan. Bulardan basım kópshiligi jergilikli xalıq balaları edi.

Uchilisheniǹ xızmeti qanaatlandırarlıqtay awhalda emes edi. Uchilisheniǹ 22 jıl (1874-1896-jılğa shekem) ómir súrgen dáwirinde hámmesi bolıp, tek 6 bala ğana ptkerip shıqtı. Bulardıǹ ekewi jergilikli milletlerdiǹ balaları edi.

Jergilikli xalıq balaların uchilisheni pitkeriw máselesine tiyisli usınday kórinisti bunnan keyingi jılları da bayqawğa boladı. Ulıwma alğanda bunday kemshiliktiǹ tiykarğı sebebi Túrkstanda úlkesindegi Ámiwdár'ya bóliminiǹ ózine tán ózgesheliklerinen dewge boladı.

Ámiwdár'ya bóliminde 20 bolıslıq bolıwına qaramastan ulıwma alğanda rus tilin biletuğın adamlar kútá siyrek ushırasatuğın edi. Jergilikli milletlerden shıqqan hámeldarlardıǹ da balaların Petro-Aleksandrovsk qalalıq uchilishesine beriw siyrek edi.

Arxiv materiallarındağı mağlawmatlarğa qarağanda Túrkstan úlkesiniǹ basqa qalalarındağı uchilishelerinde de ásirese onıǹ tómengi bólimlerinde ádettegidey russhadan jergilikli tilge awdarıw usılı qollanılğan.

Bul ózgerisler dáwirdiń talapları, janlanıp baratırğan jergilikli burjuaziyanıń tásiri, sonday-aq rus jergilikli mektepleri, jádit usılındağı mektepler hám jeke mektepler sanınıń kóbeyiwine baylanıslı islengen bolıwı itimal.

Uchilishedegi oqıwshılardıń quramı hár jılı ózgerip turdı. Oqıwdı taslap ketiw hádiysesi sezilerli dárejede edi. Ásirese jergilikli xalıq balalarınıń sanı oqıw kurslarınıń aqırına shekem kútá azayıp qalatuğın edi. Uchilishedegi oqıwshılardıń ulıwma sanı 1878-1897-jıllardıń ortasında 27 adamnan 63 adamğa shekem, 1898-1917-jılğa shekemgi aralıqta 73 adamnan 100 adamğa shekem kóbeyip, aytarlıqtay ósiw bolmadı. 1914-1917-jıllardağı imperialistlik urıs dáwirinde oqıwshılardıń ulıwma sanı ádewir azaydı, 1917-jılı uchilishede hámmesi bolıp 64 oqıwshı ğana qaldı. Keltirilgen faktlerge qarağanda uchilishedegi oqıwshılar sanınıń kóbeyiwin Ámiwdárya bóliminiń territoriyasında sanaat hám sawdanıń biraz janlanıwı menen baylanıstırıwğa boladı. Biraq bul evropalılar bóleginen shıqqan xalıqtıń balaları esabınan bolatuğın edi.

1906-jılı uchilishede jergilikli xalıq balalarınan 21 oqıwshı boldı, bul ulıwma oqıwshılardıń úshten birin derlik quraytuğın edi. Biraq bunnan keyingi waqıtları oqıwshılar sanınıń azayıwı hádiysesi tağı baslandı. Jergilikli milletlerdiń balalarınan 3 ğana oqıwshı qaldı.

Joqarıda aytıp ótilgen bir qansha kemshiliklerğe qaramastan Petro-Aleksandrovsktegi bul uchilishe ulıwma alğanda el arasında real bilimlerdi taratıwda, xalıqtı rus mádeniyatına jaqınlastırıwda ádewir unamlı rol oynadı. Onı revolyuciyağa shekem 118 adam pitkerip shıqtı, sonnan 14,4 procenti jergilikli xalıq balaları edi. Uchilishede din sabağınan tısqarı rus tili, ádebiyat, esap, algebra hám geomertiyanıń baslanbaları, ulıwma tariyxtıń elementleri bar Rossiya tariyxı, geografiya tábiyattanıw hám fizika, súwret, sızıw, qosıq, fizkul'tura sıyaqlı ulıwma bilim beretuğın real pánler oqıtıldı.

Uchilishe 1914-jıldan baslap tórt klasslıq joqarı uchilishege ótkennen keyin ulıwma alğanda házirgi segiz jıllıq mekteptiń 6-7-klassları kóleminde bilim berdi.

Uchilisheni pitkergenler, ásirese olardıń jergilikli milletlerden shıqqanları Ámiwdárya bóliminde hám Xiywa xanlığında dilmashlar, mekeme basqarıw isleri,

sawda firmaları hám basqalarda mayda hámeldarlar sıpatında xızmet etti. Mısalı, Ámin Agiev Xiywa xanınıǹ dilmashı, Nurjan hám Adambaylar Ámiwdárya bólimi baslığınıǹ dilmashları, Qaraqazaqov hám Nasrullalar bólimdegi sudya baslığınıǹ dilmashı, soǹ suw xojalıq xızmetkeri bolıp isledi.

Olardan geyparaları Ámiwdárya flotında, pochta hám telegrafta, zavod hám kárxanalarda xızmet etti. Olardan bilimlendiriw hám mádeniyat tarawlarında da islegenler boldı. Mısalı, uchilisheni pitkergen Erjan Kojurov Tashkenttegi muğallimler seminariyasın pitkergennen soǹ uzaq jıllar dawamında Shoraxandağı rus-jergilikli mektebinde rus tili muğallimi hám mektep basqarıwshısı bolıp isledi, Ózbek baspa isiniǹ xızmetkeri-litograff Atajan Abdalov ta uchilishede oqığan edi. Uchilisheni pitkergen M.Baljanov hám basqalar 1919-jılı jergilikli "sol" qanat jaditshilik háreketinde turıp atqarıw komitetiniǹ quramında jumıs isledi, kóshpeli revkomniıǹ ağzaları bolıp saylandı. Olar Ámiwdár'ya bóliminde ğárezsizlik ornatıw hám onı bekkemlew ushın gúresate aktiv qatnastı Ámiwdárya oblastıq atqarıw komitetiniǹ birinshi baslığı Juma Atashev, Ózbekstanğa xizmet kórsetken vrach Miynet Qaharmanı Orazımbet Xalmuratov dáslepki bilimdi mine usı uchilisheden alğan edi.

Bul mektepti shólkemlestirgen hám birinshi basshılıq etken Túrkstan seminariyasın pitkerip kelgen Ismayıl Qospaev bolğan. Jergilikli molla Qádir-Muxammed Qalmuxamedov jergilikli sawat ashtıratuğın muğallim bolıp tayınlanğan. Mektep baslığınıǹ 1887-1888-oqıw jılındağı bergen esabatında 8 bala oqıp, onıǹ úshewi rus, qalğanı jergilikli xalıqtıǹ balaları ekeni kórsetilgen.

Oqıw múddeti 3 jıl bolğan, onda rus tilinde hám jergilikli tilde oqıtılğan. Biraqta, bul mektep uzaq waqıt dawam qılmağan. Sırdárya oblast bilim jurtınıǹ inispektorı Mironeev bul mektep isleri menen tanısıp shıqqannan keyin Túrkstan krayınıǹ general-gubernatorına mına pikirdi jazadı' úlken maqsetti kózde tutıp shólkemlestirilgen bul mektepte júdá az bala oqıydı. Onda hámmesi bolıp 7 bala onıǹ besewi jergilikli, al qalğanı rus balaları. Bul balalardıǹ hár qaysısı ushın húkimet jılına 142som 14 tiyin aqsha sarıp etiledi. Bul awhal menen mektepti

dawam ettiriwden meniǹshe hesh qanday máni shıqpayda, onı durısıraq jerge kóshirip hám kóbirek bala tartıw sharasın kóriw lazım.

Túrkstan karayınıǹ general-gubernatorı joqarıda kórsetilgen inspektorınıǹ juwmağın bekkitti hám 1883 jılı 1 iyunde Nókis mektebin japtı. Qaraqalpaq territoriyasındağı birinshi ret ashılğan bul jergilikli rus mektebi 11 aydan keyin pútkilley jabıldı.

Bunnan 12 jıl ótkennen keyin, 1900-jılı Shımbayda hám Shoraxanda eki taza jergilikli rus mektebi ashıldı. Bul mekteplerge qárejet jergilikli xalıqtan jıynaldı. Patsha dáwirinde barlıq keǹsedegi islerdiǹ hám esap–sanaq jumıslarınıǹ hámmesi rus tilinde júrgizilgenligi bizge málim. Sonıǹ ushın qalalıq uezdlik hám volostlıq hákimshilik orınlarında xat islerin, esap islerin aparğanday, suw (arıq aqsaqal) hám bajbanlıq islerin rus tilinde júrgizgendey mayda xızmetkerlerdi tayarlaw kerek boldı. Petro-Aleksandrovsk qalasında bir qalalıq mektep sonsha muğdarda mayda xızmetkerlerdi tayarlap jetkere almadı. Bul jağday patsha hákimlerin bul territoriyada koloniyalıq siyasattı júrgiziw isine irkinish jasaytuğın boldı. Ámiwdár'ya bólimiǹ baslığı Túrkstan general-gubernatorına 1898-jılı jazğan xatında jergilikli rus mektebin ashıwdıǹ kerekligi haqqında bılay dep jazdı: “Házirgi Ámiwdárya bóliminiǹ barlığına Petro-Aleksandrovskdegi qalalıq mektep-barlıq Ámiwdárya bólimindegi bir ğana oqıw ornı bolğanlıqtan jergilikli xalıqtıǹ balalarına jetispeydi. Bul jağday ulıwma xalıqlardıǹ (1896-1899) esabın alğan waqıtta oğan kerekli nárselerdi russhadan jergilikli tilge awdarğanday adam tabılmadı. Joqarıdağı aytılğan qalalıq mektepte oqığan birli-jarımlı jaslardı tabıwdıǹ ózi júdá qıyın boldı. Bul birinshi jağday bolsa, ekinshi jağday jergilikli sawdagerlerdiǹ rus kupecleri menen baylanısınıǹ kem-kemnen artıwı, olardıǹ rus tilin úyreniwge mútájlığın tuwğızdı. Sonıǹ ushın da jergilikli sawdagerlerdiǹ rus-jergilikli mekteplerin awıwda járdem beriwi hám balaların rus tilinde oqıtıwğa talpınıwı tosınan bolğan nárse emes.

Usı joğarıda aytılğanlardıǹ hámmesi jergilikli rus mekteplerdiǹ Ámiwdár'ya bóliminiǹ territoriyasında ashılıwına jağday tuwğızdı. 1900-jılı 28-iyunde Túrkstan

general-gubernatorınıǹ usı jıldıǹ 1-iyunınan baslap Shoraxan hám Shımbay qalalarında jergilikli rus mekteplerin ashıw haqqında buwrıǧı shıqtı.

Bul mekteplerdi ashıwda Ámiwdár'ya bóliminiǹ baslıǧı hám jergilikli sawdagerler belsendilik penen qatnastı. Bul mekteplerdiǹ qarjı ushın hár qaysısına jergilikli aqshadan 1195 somnan bólindi. Tashkentten parta, klass doskaları hám basqa da sol sıyaqlı kerekli oqıw quralları jáne ásbaplar aldırılıp, eki mektepke bólip berildi.

Jergilikli hákimler, sawdagerlerdiǹ qatnası menen evropalıq tipte jaylar saldırıp hám mektepke xojalıq jaǧınan kúndelikli járdem berip turıwı ushın, jergilikli sawdagerlerden qáwenderlikke adamlar tayınlanǧan.

Nusqaw boyınsha mektep úsh jıllıq bolǧan. Shoraxan mektebiniǹ birinshi baslıǧı hám rus tili muǧallimi Xanin, jergilikli sawat ashıw muǧalllimi molla Saat Nazar Supıjanov bolǧan. Shımbay mektebiniǹ birinshi baslıǧı hám rus tili muǧallimi Korotkov, jergilikli sawat ashıw muǧallimi molla Jenalı Jurikov bolǧan.

Birinshi oqıw jılı Chımbayda 15 bala menen, Shoraxanda 22 bala menen, 1900-jılı 17-oktyabrde baslanǧan. Mekteptiǹ qasında balalardıǹ jatıp oqıytuǧın inertantı bolmaǧanlıqtan. Ayırım ata-analar mektepke jaqın jerden balalarına kreyge jay tuwıp bergen.

Mekteptiǹ qasında balalardıǹ jatıp oqıǧanday jayı bolmawı hám sol sıyaqlı basqa da bir qatar jaǧdaylardıǹ nátiyjesinde bul eki mekteptegi oqıwshılardıǹ ulıwma sanı 30-100 den aspaǧan. Bul mekteplerde oqıw jılı ulıwma alǧanda 125 kúnnen artpaǧan, óytkeni rus hám musılman dinlerindegi kalendar boyınsha kóplegen bayram kúnlerinde oqıw bolmaǧan.

Hár kúni eki saat rus tili hám sonshelli waqıt islam dini tiykarında oqılatuǧın jergilikli sawat ashıw sabaǧana waqıt berilgen. Bulardan tısqarı esaptan tórt ámel, tariyxtan eǹ áhmiyetli waqıyalar hám maǧlıwmatlar, georgafiyadan kóbinshe Rossiyanıǹ geografiyalıq jaǧdayları menen oqıwshılardı tanıstırıw sıyaqlı elementar' bilimler oqıtılǧan. Jergilikli sawat ashıw baslawısh klasslarda Sayd-Rasul-Xodji Sayd Azizovtıǹ ózbek tilinde jazǧan “Ustad-Avval” kitabınan,

joqarğı klasslarda Kalininniǹ rus tilinde jazğan Túrkstan krayındağı jergilikli rus mektepleri ushın xrestomatiya kitabınan oqıtqan.

“Ustad-Avval” kitabınıǹ 1 bólimi ózbek tilinde dıbıslap oqıtıw metodı menen balalardı tez sawat ashıwına qolaylastırılğan. 11-bólimi arab tilinde orta ásirdegi musılman mekteplerindegi háriplerdi qurastırıw metodı menen qıyın sawat ashıwğa tiykarlanğan. Kitaptıǹ birinshi hám ekinshi bólimleriniǹ hámmesi de islam ideologiyasında jazılğan bolsa da, ózbek tilinde taza dıbslap oqıtıw usılınıǹ qollanılıwı, burınğı arab tilindegi háriplerdi eski metod penen qurastırıp oqıtıw usılına qarağanda, ilgeri qádem atqanlıq bolıp esaplanadı. Biraqta, bul mekteptegi jergilikli sawat ashıw sabağın oqıtatuğın muğallimler, ásirese Shımbaydağı mekteptiǹ muğallimi, burınğı molla bolğanı ushın tazasha dıbıslap oqıtıw metodların bilmedi. Sonıǹ ushında ol kitaptıǹ birinshi bólimindegi dıbıslap tazasha oqıtıw usılınan góre, kitaptıǹ ekinshi bóliminedig háriplerdi qurastırıp eskishe oqıtıw usılına kóbinese kewil bóldi. Bul jağday jergilikli xalıq balalarınıǹ tez sawat ashıw máselesine ádewir irkinish jasadı.

Shımbaydağı mektepte oqıytuğın balaları bar ata-analardıǹ Ámiwdárya bóliminiǹ baslığına jazğan arzalarınıǹ bir-ekewinde bul tuwralı bılay delingen Jergilikli sawat ashıw jep atalğan pán júdá diniy xarakterde, onı oqıtıwda oqıwshılardıǹ kópshiligin quraytuğın qaraqalpaq hám qazaq balalarınıǹ ana tiliniǹ hesh bir elementleri joq. Sonıǹ ushın arza beriwshi ata-analar Ámiwdárya bóliminiǹ baslığınan Shımbaydağı jergilikli rus mekteptegi jergilikli sawat ashıw pánin oqıtatuğın din xızmetkerlerin muğallimlikten bosatawın sorağan. Bul muğallim balalardıǹ jergilikli sawatın ashaman dep, onıǹ ornına dindi oqıtatuğınlığına balalardıǹ ata-anaları qarsılıq kórsetken.

Xalıqlardıǹ bunday diniy pánlerdi oqıtıwğa etken qarsılığı Ámiwdárya bóliminiǹ baslığı tárepinen ayaqsız qaldırılğan.

Biraq, bul mekteplerde jergilikli sawat ashıw oqıwına qarağanda, rus tilinde oqıtıwdıǹ bir qansha jetkiskenliklerin kóremiz. Oğan sebepler birinshiden rus tilin oqıtıwshı muğallimler arnawlı oqıw orınların pitkergen qánige adamlar bolğan hám olardıǹ bir qanshası oqıwshılardıǹ ana tilin de bilgen. Mısalı, Erjan Kojurov

Tashkenttegi muğallimler seminariyasın pitkerip kelip, Shoraxandağı rus jergilikli mektebin basqarğan hám onda rus tilin oqıtqan.

Bul jerde rus tilinde sawat ashıw dıbıslap oqıtıw usılı menen júrgizilip hám kórsetpeli principti qollanğan. Sonıǹ ushında oqıwshı balalar russha tez oqıwğa hám jazıwğa erisken. Jáne de muğallim Kojurov oqığanlarınıǹ mazmunın balalardıǹ ana tilinde túsindirip, onıǹ mazmunın sanalı túrde uğınıwına imkaniyat tuwğızğan hám russha jazıw hám rus tilin úyreniwinde oqıwshılardıǹ ulıwma rawajlanıwna sebepker bolğan.

Sol waqıttağı qaraqalpaq intelligentleriniǹ kópshiligi russha baslawısh bilimdi usı joqarıda aytılğan, jergilikli rus mekteplerden alğan. Mısalı, “sol” qanat jaditchiler toparınıǹ ağzaları Qazaqbay Allambergenov (burınğı qaraqalpaq oblastlıq partiya komitetiniǹ sekretarı), Jumabay Qurbanov (burınğı sovnarkomnıǹ predsedateli), Turdımurat Nzamaddinov (burınğı Gosplannıǹ perdsedateli), Seyt Tureev (burınğı Narkospros hám tağı sol sıyaqlılır).

Ekinshiden, S. M. Gramenckiy dúzgen oqıw kitabı ol dáwirdegi kitaplardıǹ ishinde metodikalıq jaqtan durıs dúzilgen kitaplardan bolıp esaplanadı. Bul kitaptıǹ mazmunına tábiyat hám jámiyet turmısları haqqında qısqa mağlıwmatlar menen birge, rus ádebiyatınıǹ klassikleri Pushkin, Lermontov, Krılov, Tolstoy hám sol sıyaqlı jazıwshılardıǹ kısqasha jazılğan gúrriǹleri hám qosıqları kirgen. Budardan tısqarı elementar bilim beretuğın túrli pánlerdiǹ oqıtılğanın biz joqarıda sóz qılğanbız.

Bunday ulıwma bilim beretuğın pánler, eski usıl menen oqıtılatuğın musılman mekteplerinde bolmağan. Sonıǹ ushında jergilikli rus mektebi bir qatar progressivlik rol tutqan. Shoraxan jergilikli rus mekteptiǹ bir oqıwshısına bir adam eski musılman diniy mektebi jaqsı ma, ya jergilikli rus mektep jaqsı ma dep sorağan sorawına, oqıwshı oğan "Ol dún'ya ushın ne bolatuğınlığın bilmeymen, biraqta bul dúnya ushın jergilikli rus mektep jaqsı' jep juwap bergen.

Óytkeni olar eski musılman mekteplerine qarağanda, elementar túrde bolsa da jergilikli xalıqtıǹ arasında birinshi mártebe ulıwma bilim taratqan. Jánede jergilikli xalıqtıǹ arasında russha sawat ashıw isin bul mektep en jaydırğan hám rus

xalqı menen jergilikli xalıqtıǹ baylanısın nığaytıwğa jáne rus xalqınıǹ aldağı mádeniyatın jergilikli xalıqtıǹ arasında taratıwğa sebepker bolğan. Demek, bul mekteplerdiǹ arasında muğallimler menen demakratiyalıq keyiptegi rus intelligentleri hám aldağı rus ilimpaz wákilleriniǹ jaqsı taza órneklerin hám joqarğı mádeniyatqa erisiw sıyaqlı aldağı jámiyetke ılayıqlı olardıǹ unamlı sıpatların jergilikli xalıqtan shıqqan intelligentler ózine qabıl qılğan.

Bul shınında da rus mádeniyatı menen ilimiy ağartıw isleri menen tanısıw oğada úlken áhmiyetke iye boldı, sebebi olardı biliw Rossiyanıǹ revolyuciyalıq demokratiyalıq oy-pirkiri jaditshilerdegi ğárezsizlik ideyaların jetilistiriw, qásiyetine iye edi. Ásirese, mektep jumıslarınıǹ bunday nátiyjeleri, álbette, patsha hákimleriniǹ maqsetlerine hám nátiyjelerine pútkelley muwapıq kelmedi. Bulardıǹ barlığı Xiywa xanınıǹ despotikalıq ústemlik qılğan dáwirine salıstırğanda, progressiv is bolıp sanaladı. Biraqta, bunday isler júdá az muğdarda edi hám olar negizinde rus patshasınıǹ hákimleriniǹ hám jergilikli xalıqtan shıqqan húdiretli adamlardıǹ jáne kupeclerdiǹ balaların támiynlew ushın ğana edi.

Rossiyağa qosılğanğa shekem qaraqalpaqlar Xiywa xanlığınıǹ qol astında edi. Xiywa xanlığı qaraqalpaqtı bul eldiǹ atqaminer urıw basıları hám iyshan mollaları, sonday-aq óziniǹ nóker baslıqları arqalı biyledi, bul jerde feodallıq jeke hákimshilik ornatıldı.

Usı sóz etilip otırğan dáwirde Qaraqalpaqstanda shın mánisindegi sanaat bolğan joq, awıl xojalığında diyxanshılıqtıǹ eǹ eski patriarxallıq usılı basım boldı, sonıǹ sebebinen xalıqtıǹ ábigerleniwi hám ash-ápatlıqqa túsiwi kúsheydi. Transport kútá eskishe, tómen awhalda edi. Bilimlendiriw tarawında musulmanlardıǹ diniy tómengi mektepleri ústemlik etti, ayırım jerlerde ğana orta mağlıwmat beretuğın medreseler bar edi, biraq bul mektepler menen medireselerdiǹ jumısı xalıqtı haqıyqat bilimlendiriwge járdem ete almadı. Mektepler menen medireselerde oqıtıw isi arab hám parsı tillerinde alıp barıldı, al oqıtıwdıǹ mazmunı tiykarınan alğanda artta qalğan hám qorlıqta júrgen xalıqtıǹ arasında fanatizmdi taratıwğa bağdarlanğan musılman dininiǹ shártlerin úyretiwden ibarat edi.

Xalıqtıǹ sawatsızlığı, sociallıq kesellikler, óliwshiliktiǹ kóp bolıwı, bunıǹ barlığı Xiywa xanlığı ústemlik etken dáwirdegi Qaraqalpaqstan ushın xarakterli nárseler edi.

Qalay degen menen qaraqalpaq xalqın Rossiyanıǹ jawlap alıwı koloniyalıq maqsette bolıwına qaramastan jergilikli ziyalılardıǹ, xalıqtıǹ talap etiwine baylanıslı elde kóp ğana mádeniy-ekonomikalıq tárepten ózgesheliklerdiǹ, ilgerilewdiǹ orın alıwına alıp keldi.

Qaraqalpaq xalqınıǹ Rossiyağa qoslıwınan keyin biz ádewir basqasha kartinanı kóremiz.

Rustıǹ aldıǹğı qatar mádeniyatı qaraqalpaq xalqınıǹ milliy sana-sezimine oğada úlken tásir jasadı. Nátiyjede Qaraqalpaqstannıǹ territoriyasında kútá eski ápiwayı formada bolsa da paxta tazalaw, may shığarıw, bılğarı islew, joǹıshqa tuqım tazalaw zavodları usağan bir qansha zavodlar, paraxodlar, "orıs" jollar payda boldı. Bul nárse Rossiyanıǹ oraylıq bólimi menen hám eldiǹ ishinde sawda-satıqtı jáne baylanıslardı jaqsılawğa járdem berdi. Sonıǹ nátiyjesinde burınğı elatlı punktler qalalarğa aylandı, evropalıq tipte jaylar salındı, basqarıw sisteması ózgerdi, jazba túrde is júrgiziw engizildi. Qaraqalpaq awızeki ádebiyatınıǹ shığarmaları rus alfaviti menen jazıp alındı hám rus tilinde awdarılıp basılıp shığarıw isleri baslandı. Bunnan tısqarı, dáslepki medicinalıq mekemeler, bir qatar mádeniy bilimlendiriw mekemleri payda boldı. Bunıǹ barlığı eldiǹ ekonomikasınıǹ hám mádeniyatınıǹ ósiwine tásirin tiygizdi.

Ámiwdárya bólimindegi mektep sıyasatına toqtaytuğın bolsaq, onda patshashılıq tutası menen alğanda Túrkstanda qanday siyasat qollanğan bolsa, Ámiwdárya bóliminde de tap sonday sıyasat júrgizdi. Bir jağınan musılmanlardıǹ diniy mektepler sisteması saqlanıp qaldı, al ekinshi jağınan russha bilim beretuğın mektepler shólkemlestirile basladı, bunday mektepler patsha samoderjaviesiniǹ sıyasatın taratıw orayı bolıwı tiyis edi.

Usınday maqsette Ámiwdárya bólimi 4 mektep ashtı Petro-Aleksandrovks qalasında (házirgi Tórkulde) qalalıq mektep (1878) qatnap oqıytuğın qızlar

mektebi (1885) hám 1900 -jılı rus jergilikli mektepleri (Shımbay qalasında hám Shoraxanda) shólkemlestirildi.

Bul mekteplerde rus balaları menen jergilikli bay adamlardıǹ balaları birge qosılıp oqıdı, bunda oqıwshılardıǹ kontengenti 150 adamnan 200 adamğa shekem ózgerip turdı. Bul mektepler patshanıǹ kolonizatorlıq basqarıw mápleri ushın ashılğan bolıwına qaramastan, olar bir qansha progressiv rol atqardı. Atap aytqanda, birinshiden, bul mektepler ulıwma bilim beretuğın edi, olardıǹ ashılıwı musılmanlardıǹ diniy xarakterdegi mekteplerine qarağanda bir adım alğa ilgerilewshilik: ekinshiden, patshashılıqtıǹ tilegine qarsı bul mektepler jergilikli xalıqtıǹ arasında russha oqıw-jazıwdıǹ taralıwına, rus mádeniyatın úyreniwdegi zárúrli qural bolğan rus tiliniǹ taralıwına járdem etti.

Bul mekteplerde tek rus tili ğana oqıtılıp qoymastan, al rus mádeniyatın materiallıq hám ruwxıy mádeniyatı ashıp kórsetetuğın arnawlı pánler de oqıtıldı. Bunday arnawlı pánlerdiǹ qatarına-tariyx, geografiya, ádebiyat hám basqa da sol sıyaqlı pánler kirdi.

Bunnan tısqarı rus balaların jergilikli xalıqtıǹ balaları menen qosıp oqıtıw hám tárbiyalaw olardıǹ doslığın jáne sana-sezimlerin bekkemledi. Bul jağınan alıp qarağanda sol mekteplerdiǹ ishinen ulıwma bilim beretuğın birinshi qalalıq mektep retinde Petro-Aleksandrovsk mektebin ayırıqsha kórsetip ótiw kerek. Bul mektep Qaraqalpaqstannıǹ bilimlendiriw tariyxında sonıǹ ishinde Xorezm ushın da úlken rol atqaradı.

1877-1878-oqıw jılı uchilishede 27 oqıwshı bolıp, sonnan 25 rus, 2 qırğız balaları bar edi. Usı ekewdiǹ birewi qırğızban dep burın tutqınğa túsken rus balası edi. Bólimniǹ jergilikli xalqı óz balaların uchilishege bergisi kelmedi. Óytkeni xalıq sawatsız bolğanlıqtan rus mekteplerine isenbeytuğın edi. Sóytip patsha administraciyasınıǹ uchilishege jergilikli xalıq balaların tartıw úmiti aqlanbay qaldı. Onıǹ ústine uchilishe bir neshe jıl dawamında jónlep úskenelenbey, materiallıq jaqtan qıynaldı uchilisheniǹ jayı qolaysız edi, sabaqlar hám kórsetpeli oqıw quralları jetispedi. Dáslepki jılları uchilisheniǹ muğallimleri hám

basqarıwshısı tosınnan bolğan adamlar edi, olar uchilisheniǹ áhmiyetin hám onıǹ aldında turğan wazıypasın tolıq túsine almadı.

Haqıyqatında da uchilisheniǹ dáslepki muğallimlerinen Prozvickiy hám Morinovalar arnawlı pedagogikalıq bilimi joq adamlar edi. Olardan Prozvickiy muğallimshilikti 1874-jıldıǹ 1-noyabrinen usı mekteptiǹ ózinde baslaydı, hújjetleri bolmağan. Onıǹ ulıwma bilimi-Moskvadağı birinshi áskeriy gimnaziyada ilimler kursın pitkerip, Pavlov atındağı birinshi áskeriy uchilishege kirgen. Biraq onıǹ ekinshi kursın tamamlamay-aq Túrkstandağı 8-liniyalıq batalionda qatardağı jay áskeriy xızmet atqarğan. Prozvicskiydiǹ muğallimlilikke shaqırılıwı sol waqıttağı patsha húkimetiniǹ kútá isenimli qatlamı-dvoryanlardan shıqqanına baylanıslı bolsa kerek.

Prozvicskiydiǹ járdemshisi sıpatındağı Morinov jergilikli artilleriya komandasınıǹ unter-oficeri edi. Ol usı mekteptegi muğallimshilikti Prozviskiyden burınıraq, 1874-jılı 1-avgustan yağnıy, mekteptiǹ ashılıwı kúninen baslaydı.

Sonıǹ menen birge dáslepki jılları mektep xızmetin bahalawda, ásirese oqıwshılardıǹ bilim, uqıp hám kónlikpelerin tekseriwde, arnawlı qádeler hám belgili tártip bolmağan. Mısalı, oqıwshılardan ekzamen alıw 1875-jılı may ayınıǹ aqırında ótkerilgen. Ekzamen alıw komissiyası Ámiwdárya bólimine jaylasqan áskeriy kúshlerdiǹ oficerleri menen jergilikli ruwxaniylerden dúzilgen. Al ekinshi ekzamen bólimdegi geypara oficerlerdiǹ qatnasıwı menen bólim baslığınıǹ basshılığında Iusus Xristıǹ tuwılıw bayramınıǹ aldanda ótkerilgen. Demek, mektep óz jumısın baslağan birinshi jılları, ol Túrkstan úlkesindegi oqıw islerin basqaratuğın vedomstvoğa birden qarasılı bolmay, onıǹ xızmeti tutası menen alğanda qarjı berip turğan jergilikli áskeriy bólimniǹ ıqtıyarında bolğan.

Joqarıda aytılğan qıyınshılıqlardıǹ aqıbetinde hátte ruslardıǹ da geyparaları, ásirese, urallı ruslar óz balaların uchilishege jiberiwden bas tartıp , jeke mekteplerge ornalastırğan. Bunday awhal Ámiwdár'ya bólimindegi birden-bir oqıw ornınıǹ bunnan bılay ómir súriwine qáwip tuwdırdı.

Mektep jumısın biraz shiyelestirgen bunday qıyın jağdaydı saplastırıw maqsetinde patsha admiristraciyasına bir qatar ilajlar islewge tuwra keldi.

Mektep bir klasslıq qalalıq uchilishe bolıp dúzilgen waqıtta tómengi hám joqarı bolıp eki bólimge bólingen. Mekteptiǹ tiykarğı muğallimi Prozvicskiydiǹ uchilisheniǹ awhalı haqqında 1876-jılı 27-fevraldağı mağlıwmatına qarağanda Túrkstan general-gubernatorı tárepinen xalıq uchilisheleri ushın tastıyıqlanğan programma (bağdarlama) kóleminde mektepte rus tili, oqıw, jazıw, diniy nızam, esap hám qosıq sabaqları ótilgen. Eki klassta da háptelik oqıw waqtı 18 saattan bolıp, sonnan tómengi bólimde: oqıw — 5 saat, jazıw - 5 saat, diniy nızam - 5 saat, esap - 4 saat bolsa, joqarı bólimde: diniy nızam - 3 saat, rus tili - 4 saat, esap - 4 saat, geografiya - 2 saat, jazıw - 4 saat, qosıq - 1 saat bolğan. Hár kúngi oqıw azanğı saat 9 dan kúndizgi 12 ge shekem, jazğı dem alıslar 1-iyunnan 1-avgustqa shekem dawam etken.

Mekteptiǹ oqıw jobasına kirgen pánlerden diniy nızam xristian dini táliymatınıǹ baslanbası hám basqa da geypara usınday qollanbalar boyınsha oqıtıladı. Rus tili hám oqıw Paul'sonnıǹ kórsetpesi boyınsha hám Krılov penen Xemnicerlerdiǹ jaqsı dep esaplağan tımsalların oqıp úyreniw tiykarında alıp barıldı, sonday-aq diktant jazıwlar ótkerildi. Esap awızeki esaplaw hám máseleler sheshiw, praktikada qollanıw jolı menen úyrenilip, bunda xalıq uchilisheleri ushın Leve tárepinen dúzilgen qollanbadan paydalanıldı. Georgrafiyanı oqıtqanda da fizikalıq geografiyadan ulıwma túsinikler hám dúnya bólekleriniǹ qısqasha bayanlaması berilip, onıǹ ushın basshılıq sıpatında “Jer há onıǹ ústinde neler bar?” kitabınan paydalanıldı. Jazıw, jazıwğa úyretiw ushın tayar basshılıqtıǹ bolmawınan Prozvicskiydiǹ ózi qol jazba túrinde qollanba islegen. Qosıqtan gammağa dáslepki úyrenip shınığıw, basshılıqqa alınatuğın qollanbalarısız bir dawıs penen aytılatuğın shirkew qosıqları úyretildi.

Oqıwshılardı oqıw quralları menen támiyinlew mektep esabınan bolıp, oqıwshılarğa hár kúni úyinde oqıw ushın kitaplar berilip turılğan. Arxiv materiallarına qarağanda mektep qaptalınan kitapxana shólkemlestirilgen. Biraq, ondağı kitaplardıǹ hámmesi derlik diniy kitaplardan ibarat bolğan.

Patsha admiristraciyasınıǹ gózlegen maqsetin ámelge asırıw ushın uchilishe 1879-jılı eki klasslıq uchilishege aylandırılıp, biraz keǹeyttirildi.

Eki klasslıq qalalıq uchilishe bolıwına baylanıslı bólimniń Shoraxan uchastkasında komissiya dúzilip, oğan rus balaları ushın ğalaba minnetli oqıwdı ámelge asırıw hám olardı Petro-Aleksandrovsk uchilishesine tartıw jobasın islep shığıw tapsırıldı. Bul komissiya usı tarawdağı bar jağdaylar menen tanısıp bolğannan keyin jekke rus mekteleriniń hámmesin jabıw hám olarda oqıp atırğan oqıwshılardıń hámmesin eki klasslıq qalalıq uchilishege beriw zárúrligi tuwralı juwmaqqa keldi. Tağı da komissiya balaların uchilishege beriwden bas tartqan qurğın adamlarğı 25 manattan shtraf salıw, al jarlı adamlardı 7 kúnge shekem qamawğa alıwdı usında. Ámiwdárya bóliminiń baslığınıń komissiya usınıslarınıń bir punktinen basqasınıń hámmesin tastıyıqladı. Ol punkt uraldan kóship kelgenlerge tiyisli bolıp, házir olardı hár qanday jazıwlarda qorqıta almaydı dep bólim baslığı dáliyl aytqanday boldı.

1880–jılı uchilishe janınan 20 orınlıq internat shólkemlestirildi. Bul tuwralı Ámiwdárya bóliminiń baslığı polkovnik Protegelm 1880-jılı mart ayında Petro-Aleksandrovsk, Shoraxan hám Shımbay uchastkalarında internat ashıwdı soranıp, Túrkstan general-gubernatorınıń atına xat jazğan edi. Ol xattıń juwabı aprel ayında kelip, internat tiykarınan alğanda Shoraxan hám Shımbay uchastkalarınan uchilishege qabıllanıwğa diydilengen balalar ushın bolsın delingen. Onda rus hám jergilikli xalıq balalarınan alınğan balalardıń birge jasawı názerde tutıldı. Bul jergilikli milletlerdiń balaların ruslastırıw sıyasatın ámelge asırıwdıń quralı sıpatında xızmet etken edi. Usı maqsette internatta qabıl etiliwi názerde tutılğan oqıwshılardıń ulıwma muğdarınıń úshten birin rus balaları qurawı kerek edi. Túrkstan úlkesindegi xalıq uchilisheleri inspektorınıń kórsetpesine muwapıq internatqa óziniń minez-qulqı hám oqıwğa ıqlası menen kózge túsken rus balaları ğana qabıllandı.

Internatta oqıwshılarğa xızmet etetuğın arnawlı shtat hám keshki shuğıllanıw jumısları ushın eki muğallim ajıratılıp, olardıń basında Túrkstan muğallimler seminariyasın pitkerip shıqqanlardan qadağalawshı turdı. Internatqa jumsalatuğın ulıwma qarjı jılına 3650 manattı quradı. Internattıń ulıwma byudjeti uchilisheniń ózine jumsalatuğın qarjıdan ádewir kóp edi. Muğallim Bestujevtiń xabarlawına

qarağanda internatta 1880–jıldıǹ 1-yanvarınan 1881-jıldıǹ 1-yanvarına shekem hámmesi bolıp 15 tárbiyalanıwshı bolğan, onıǹ 8i Shoraxannan, 7si Shımbaydan edi.

Keltirilgen mağlıwmattan kórinip turğanınday patsha administraciyası óziniǹ koloniyalıq sıyasatın en jaydırıw maqsetinde Ámiwdárya bóliminiǹ túrli uchastkalarınan uchilishege bala tartıp, azda bolsa real bilimler alğan adamlardı xalıqqa aralastırıwğa májbúr boldı. Mine bul bilimlendiriw tarawınan oğada artta qalğan qaraqalpaqlarğa progressivlik jaqtan tásir etti.

1880-jılı internat janınan ğamxorlıq keńesi dúzilip, buğan Ámiwdár'ya bóliminiǹ baslığı basshılıq etti, onıǹ xızmetine bolıs, qalalıq basqarma, sawdagerler hám basqalardıǹ wákilleri qatnastı. Keńes tárbiyalanıwshılardı oqıtıw, tárbiyalaw hám materiallıq jaqtan támiynlew máselelerin talıqlaw ushın ayına bir ret shaqırılıp turıldı. Bunnan tısqarı sawdagerlerden Petro-Aleksandrovsk uchilishesinde húrmetli ğamxorshı belgilendi, ol Túrkistan úlkesiniǹ general-gubernatorı tárepinen belgilenetuğın edi.

Uchilisheniǹ ğamxorlıq keńesi menen húrmetli ğamxorshısı internat hám mektep ushın sawğalar jıynawdı shólkemlestirdi. Solay etip internat penen uchilisheniǹ materiallıq bazasınıǹ ekinshi deregi usılayınsha dúzildi. Bulardıǹ hámmesi qalalıq uchilisheni materiallıq jaqtan biraz bekkemlew hám keńeytiwge alıp keldi. 1880-jılı uchilishesiniǹ qaptalınan oqıw quralların saqlaytuğın sklad ashıldı. Usı jılı uchilishe jayınıǹ qurılısı baslanıp oğan 2179 manat qarjı ajıratıldı, ol 1887-jılı tamamlandı. Uchilisheniǹ materiallıq bazasınıǹ bir qansha bekkemleniwine baylanıslı, onıǹ qaptalınan qalanı abadanlastırıwğa jumsalatuğın qarjı esabınan jergilikli milletlerdiǹ egede adamları ushın keshki kurslar shólkemlestirildi. Biraq, bul kurslar ushın zárúrli oqıwshılar kontengentiniǹ bolmawınan olar 1888–jılı jabılıp, olardıǹ ornına uchilisheniǹ ózinen túplewshiler (muqabalaw) menen etikshilerdi tayarlaytuğın ónermentshilik klassları ashıldı. Bunnan ekinshi dárejeli sawdager Sazanovtıǹ ótinishi menen uchilishede ağash ustası hám tokarlıq bólimi ashıldı.

Uchilisheniǹ materiallıq bazasınıǹ kem-kemnen bekkemlenip barıwı onıǹ tiykarğı mútájligin – onı qánigeli muğallimler menen támiynleniwge qolaylı jağdaylar dúzip berdi. Uchilisheni qánigeli kadrlar menen támiynlew kóp jılğa shekem tiykarğı máselelerdiǹ biri bolıp qaldı.

Bólim orayı bolğan Petro-Aleksandrovsk qalasınıǹ Rossiya, sonday-aq Túkstan úlkesindegi oraylıq qalalardan uzaqta jaylasıwı hám Petro Aleksandrovskke keletuğın jollardıǹ dáslep Qazalıdan baslanıp, Qızıl qum arqalı ótiwi qánigeli muğallimlerdi uchilishege shaqırıwdı kútá qıyın jáne qımbatqa túsiretuğın edi. Oraylıq qalalardan bólimge bir muğallimniǹ keliwi 1345 manatqa tústi. Bunday qarjı jumsaw patsha húkimetine jaqpadı. Sonlıqtan Túkstan úlkesiniǹ oqıw isleri boyınsha vedomstvosı Petro-Aleksandrovsk uchilishesine, ásirese dáslepki waqıtları qánigeli emes yamasa iste onsha sınalmağan adamlardı jiberip turdı.

Petro-Aleksandrovsk uchilishesiniǹ jumısın tekseriwshi revizordıǹ jasağan juwmağı menen praktikalıq usınısları Túrkstan úlkesiniǹ oqıw isleri boyınsha vedomstvosı tárepinen bárqulla maqullanatuğın edi. Usınday jağdaylardıǹ nátiyjesinde uchilishe internatına qabıllawda tárbiyalanıwshılardan aldın ala 2-3 ay dawamında ekzamen alıw tártibi ornatıldı. Bul tártip sırttan qarağanda oqıwshılardıǹ uqıplılığın tekseriw ushın islengendey bolıp kórinetuğın edi. Tiykarında ol oqıwshılardan uqıplılığın tekseriw emes, al jay xalıqtıǹ balaların internatqa qabıllamaw maqsetinde islenetuğın edi.

Usı aytılğan tártipke baylanıslı Túrkstan úlkesi uchilisheleriniǹ bas inispektorınıǹ atına 1890-jılı 1-martta jazğan raportında uchilisheni basqarıwshı jergilikli xalıq arasında tásiri kúshli adamlardıǹ usı waqıtqa shekem birde birewi óz balasın internatqa ornalastırmadı, onday bolıwı kútilmedi de, jarlı ata-analardıǹ balaları 2-3 ay dawamında ótkeriletuğın tekseriwge shıdam bere almadı, dep kórsetilgen. Raportta kórsetiliwinshe internatta hámmesi bolıp 7 tárbiyalanıwshı qalğan, onnan úshewi jergilikli xalıqtan bolıp, kem-kemnen tárbiyalanıwshılardıǹ sanı azayğan. Usı jağdaydı esapqa ala otırıp uchilisheniǹ basqarıwshısı aldın-ala

tekseriw tártibin biykar etiwdi ótinedi. Biraq, bul ótinish ayaqsız qaldırılğanlıqtan uchilishede tárbiyalanıwshı jergilikli xalıq balalarınıǹ sanı tağı da azayıp ketedi.

Biraz waqıttan keyin muğallimlerdiǹ  sostavın tazalaw boldı. Óytkeni olardıǹ kópshiligi jergilikli tildi bilmeytuğın hám pedagogikalıq jaqtan tájiriybesi az edi. Muğallimlerdiǹ tájiriybesizligi ulıwma oqıtıw processiniǹ tómenlewine, al olardıǹ jergilikli xalıq tilin bilmewi otırıqlı milletlerdiǹ balalarınan alınğan oqıwshılardı sawatsız qaldırıwğa shekem alıp keldi. Bunday muğallimlerden birewi haqqında Sırdárya oblastındağı xalıq uchilisheleriniǹ revizor inspektorı 1888-jılı tómendegilerdi jazadı. Ekinshi muğallim Volkovskiy Túkstan muğallimler seminariyasında oqıw kursın pitkergen, jetkilikli tájiriybege iye bolmağanlıqtan sabaq oqıtıwğa uqıpsız bolıp shıqtı. Tártipti aqılğa muwapıq usıllar menen emes, al oqıwshılardı baqırıp qorqıtıw jolı menen ornatıwğa umtıldı. Onıǹ sabaq bergen bólimlerinde úlgeriw 27 procentti quradı. Revizor inspektordıǹ bunnan keyingi bildiriwinde tómendegi bólimlerde oqıp atırğan jergilikli millet balalarınıǹ rus tilin bilmeytuğınlığı anıqlandı. Sonlıqtan rus muğallimleri olarğa geypara rus sózleriniǹ mazmunın da túsindirip bere almağan. Usınday jağdaylar internatta ushırasadı dep kórsetilgen.

Bulardıǹ hámmesi jergilikli xalıq balalarınan alınğan oqıwshılardıǹ rus tilinde bilim alıwğa qızığıwın tómenletti, olardıǹ kópshiligi oqıwdı taslap ketiwge májbúr boldı. Olardıǹ oqıwdı dawam ettiriwi ushın jağday tuwdırıwğa hesh kim qızıqpadı. Bul kemshiliklerdiǹ hámmesi de revizorğa belgili edi. Rus emes oqıwshılardıǹ rus tilin ózlestirip alıwın jeǹillestiriw ilajın kóriwdiǹ ornına, ol faktlerdi kórsetip ótiw menen ğana sheklendi. Tek bul ğana emes, Rus emes jergilikli balalardıǹ úlgermew sebebin ózleri jarlı bolğanlıqtan balaları oqıw múkinshiligine iye emes, dep olardıǹ ata-analarına júkledi. Revizor bunnan bılay uchilishege qabıl etkende bunday balalardıǹ sanın 3-5 adamnan arttırmaw ushın olardıǹ aldına úlken talaplar qoyılsın degen usınıs jasadı. Biraq patsha húkimeti Ámiwdár'yanıǹ sol jağasındağı el menen Xiywa xanlığınan uchilishege balalar tartıw úmitin joyıltpağan edi.

1891-jılı uchilishe internatına Xiywadan 8 bala qabıl etildi. Usığan baylanıslı ğamxorlıq etiwshi keṅes internattağı orındı 30 ğa shekem kóbeytiw, internat ushın mektep vrachın, úshinshi muğallim hám Túrkstan muğallimler seminariyasın pitkergenlerden internatqa baqalawshı belgilew máselesin qoydı.

Oqıwıshlardan ketip qalğanlardıṅ shennen tıs bolıwı hám sabaqtan kóplep úlgermewshilik uchilishe ushın xarakterli jağday edi. Mısalı, 1895-1896-oqıw jılınıṅ basında uchilishege 57 oqıwshı qabıl etilgen bolsa, sonnan oqıw jılınıṅ aqırında 26 bala qalğan. Sol 26 oqıwshıdan oqıw jılınıṅ aqırında joqarı bólimge 8 oqıwshı kóterilip, basqaları óz klasında qalıp qoyğan. Bulardan basım kópshiligi jergilikli xalıq balaları edi.

Uchilisheniṅ xızmeti qanaatlandırarlıqtay awhalda emes edi. Uchilisheniṅ 22 jıl (1874-1896-jılğa shekem) ómir súrgen dáwirinde hámmesi bolıp, tek 6 bala ğana ptkerip shıqtı. Bulardıṅ ekewi jergilikli milletlerdiṅ balaları edi.

Jergilikli xalıq balaların uchilisheni pitkeriw máselesine tiyisli usınday kórinisti bunnan keyingi jılları da bayqawğa boladı. Ulıwma alğanda bunday kemshiliktiṅ tiykarğı sebebi Túrkstanda úlkesindegi Ámiwdár'ya bóliminiṅ ózine tán ózgesheliklerinen dewge boladı.

Ámiwdár'ya bóliminde 20 bolıslıq bolıwına qaramastan ulıwma alğanda rus tilin biletuğın adamlar kútá siyrek ushırasatuğın edi. Jergilikli milletlerden shıqqan hámeldarlardıṅ da balaların Petro-Aleksandrovsk qalalıq uchilishesine beriw siyrek edi.

Arxiv materiallarındağı mağlawmatlarğa qarağanda Túrkstan úlkesiniṅ basqa qalalarındağı uchilishelerinde de ásirese onıṅ tómengi bólimlerinde ádettegidey russhadan jergilikli tilge awdarıw usılı qollanılğan.

## J u w m a q

Rus patsha húkimetiniǹ tıyım salıwına qaramastan, Ámiwdár'ya bóliminiǹ territoriyasında birneshe jeke mektepler ashılğan. Bul jerde biz tiykarınan alğanda ruslardıǹ hám tatarlardıǹ xalıq arasınan ashqan mekteplirne irkilemiz.

Bunday jeke mektepler qatarına rus tilinde ulıwma bilim beretuğın Petro-Aleksandrovsk qalasında, Moynaqta balıqshılardıǹ balaları ushın ashılğan mektepler kirgen. Petro-Aleksandrovsk qalasındağı bir qatar sawdagerlerdiǹ hám qala xalqınıǹ iniciativası boyınsha jeke mektepler 1900-jıldan keyin ashılıp, onda balalar pul tólep oqıytuğın bolğan. Bul mekteptiǹ muğallimi Belyaev degen kisi bolğan. Sonıǹ ushın bul mektepti qala xalqı Belyaev mektebi dep atağan.Bul mektep qoqi-jılğa deyin islep kelgen.

Usınday mektep Petro-Aleksandrovsk qalasında pochta-telegraf mekemeleriniǹ aldıda da ashılğan. Qaladağı ataqlı shaǹaraqlardıǹ bir qatarları ózinshe úylerinde jeke mektep ashıp muğallim jallap balaların oqıtqan. Bunday jağday awıllıq jerlerde de ushırasadı. Mısalı, Mıǹ-bulaq bolısı, Qulım bolıs óziniǹ

Shoraxandağı jayında Bogorodov degen muğallimdi saqlap, balaların oqıtqan. Usınday mekteplerdiǹ qatarına Moynaq atawındağı ashılğan rus mektebi de kiredi.

Revolyuciyadan burın Moynaq súrgin ornı dep esaplanatuğın edi, onda jergilikli xalıqtan basqa, kóbinese qashqınshılar hám jer awdarılıp jiberilgen ural'skiyler sıyaqlı patsha húkimeti tárepinen ayıplanğan adamlar turatuğın edi. Olar balıqshılıq kásibi menen shuğıllanadı. Revolyuciyadan burınğı mağlıwmatlarğa qarağanda, olar 230 shaǹaraqtan ibarat edi. Moynaq haqqında hátte eǹ jaqın jerdegi patshanıǹ hákimshilik organları da bilmeytuğın edi. Aral teǹizindegi balıq promıslosınıǹ tekseriwshisinen basqa bul karağa hesh kim kelmeytuğın edi.

1912-jıldıǹ 12-dekabrinde joqarıda kórsetilgen tekseriwshi Túrkstan krayınıǹ jer isleri hám mámleketlik basqarmasınıǹ baslığına mınanday mazmunda jasırın xat jazğan: “Aral teǹiziniǹ Toqmaq-ata atawındağı, Moynaq degen jerde rus balıqshıları terepinen óz balaların oqıtıw ushın óz qarjılarına mektep ashıldı. Bul maqsette olar mektep ushın jay hám muğallim ushın kvartira saldı. Avstriya sektasında burın diniy kitaplardı qıraátke salıp oqıwshı kisi muğallim etip alındı. Oğan ayına 60 manat tólendi. Mektepti ashıwğa ruxsat almağan. Házirgi waqıtta mektepte 50 bala hám qız oqıydı. Sektanat muğallimge pravoslav dinindegi oqıwshılardı oqıtıwğa ruxsat etilmewine qaramastan, svyashennik bolmağanlıqtan, ol diniy sabaqlardı da oqıtadı. Joqarıda aytılğanlardı siziǹ ullı dárejeǹizge bildiriwdi óz minnetim dep esaplayman”.

Bul xabardı tekseriw Túrkstan krayınıǹ xalıq uchilisheleriniǹ bas inspektorına tapsırılğan, ol bunı Sırdár'ya oblastınıǹ xalıq uchilishesine óz pikirin kórsetiw ushın jibergen. Qollanılıp otırğan nızamlarğa tiykarlanıp, direktor bul jónindegi óziniǹ juwmaqlawında. Mektepti óz betinshe ashqanı ushın juwapkershilikke tartıw kerekligi haqqında jazğan.

Joqarıda aytılğan juwmaqlaw boyınsha tiyisli sharalar kóriw ushın Túrkistan xalıq uchilisheleriniǹ inspektorları Moynaq, Qazalı uezdine kireme dep Sırdár'ya oblastınıǹ xalıq uchilisheleriniǹ direktorına xat jazğan. Moynaq, Qazalı uezdine

kirmeydi, al ol Ámiwdár'ya bóliminiǹ Shımbay uchastkasına qaraslı degen juwmaq 1913-jıldıǹ 16-fevralında alınğan.

Bul máseleni anıqlaw maqsetinde Samarkand xalıq uchilisheleriniǹ inspektorına 1913-jıldıǹ 22-iyunin soraw jiberilgen. Ol óziniǹ juwabında, Moynaq degen jer Shımbay uchastkasına kirmeydi, al Xiywa xanınıǹ qol astında boladı dep jazğan. 1913-jıldıǹ 1-avgustında general-gubernator bul qağazğa mınanday rezolyuciya jazğan: "Moynaq yamasa Toqmaq-ata elatı kimniǹ hákimshilik qarawında? Jazdıǹ aqırına shekem bolsa da bul haqqında juwap alıw múmkin bolar ma eken?" Solay etip 7 ay waqıt ótse de, joqarıda kórsetilgen mekteptiǹ turğan jeri kimniǹ qarawında ekenligi anıqlanılmağan.

Bul máseleniǹ onnan bılayğısın, Samarkand xalqı uchilisheleriniǹ inspektorı menen Xiywa xanınıǹ arasındağı xat jazıspalardan kóremiz.

Usınıǹ barlığınıǹ nátiyjesinde tómendegiler anıqlanılğan' óz balaların oqıtıw maqsetinde Moynaqta turıwshı rus balıqshıları 1912-jılı uzınlığı 15 arshın hám eni 9 arshın bolğan bir klası hám muğallimi ushın bir bólmesi bar mektep salğan, ol mektep qamıstan salınğan. bul mektepke ğamxorshılıq etiwshi tárepinen 300 manat xalıq qarjısı jumsalğan. 1912-jılı 1-sentyabrinen mektepte oqıwlar baslanğan, onda 50 rus balaları hám qızları oqığan. Uralskiylerdiǹ biri Saveliy Vasilevich Kozlov degen bul mekteptiǹ birinshi muğallmi bolğan. Ol buğan shekem Petro-Aleksandrovsk (házirgi Tórtkul) qalasında uralskiylerdi diniy kitaplardı qıraátke salıp oqıytuğın xızemtte islegen. 1913-jıldıǹ 1-aprelinde, ol muğallimshilikten bosatılıp Moynaqtan ketken, sebebi ata-analardıǹ tilegi boyınsha, ol balalardı qosıq aytıwğa úyrete almağan. Solay etip mektep 1914-jılğa shekem muğallimsiz qalğan.

1914-jılı Saratov guberniyasınıǹ diyqanı S.P. Pshenichnıy degen bir adam muğallim bolğan. 1915-jıldıǹ mayında Pshenichnıy patsha armiyasına xızmetke shaqırılıp urısqa jiberilgen. Sonlıqtan bul mektep ekinshi ret muğallimsiz qalğan.

1915-jıldıǹ 30-iyuninde Túrkistan krayınıǹ general-gubernatorı Aral teǹiziniǹ stanciyasına kelgen máhálde Moynaq balıqshıları óz balaların oqıtıw ushın mektep ashıw hám muğallim tayınlaw haqqında onnan ruxsat sorağan.

General-gubernator ruxsat berip, tap sol jerde xalıq uchilishelerinıǹ bas inspektorına muğallim tayınlaw haqqında buyrıq bergen. Onnan keyin 1915-jıldıǹ sentyabrinde general-gubernator Toqmaq-ata, Moynaq hám Úrge xalqınıǹ esabınan rasmiy mektep ashıw hám tayınlanğan muğallimge miynet haqısına qosımsha óz-ara salıq jolı menen 25 procent tólew haqqında buyrıq shığarğan. Bul buyrıqta Moynaq mektebi jóninde siyasiy qadağalaw Qazalı uezdiniǹ Aral uchastkalıq pristavına júklengen. Usılay qılıp Moynaq mektebi ashılğannan 3 jıldan keyin rasmiy ruxsat aldı.

Biraq, bunan keyin de mekteptiǹ awhalı jaqsılanğan emes, al kersinshe tómendegi. Sebebi, oğan ğamqorlıq etiushi mektepte eki muğallim boladı dep, onıǹ sarp etiwi ushın hár jılı 1500 manat berip turıwdı wáde etken. Biraq, bul wádesi keyin júzege aspağan.

Din xızmetkerleri, sonday-aq bul isten bir shette turğısı kelmegen. Túrkistan eparxiyasınıǹ wákili, Aral teǹizi rayonındağı svyashennik Qoǹırat bigine xatjazğan, ol óziniǹ xatında Moynaq hám Úrge awıllarındağı 360 balanı oqıtıw isine aqshalay járdem kórsetiwdi ótingen.

Bunnan patsha húkimetiniǹ hákimleri balıqshı balalarınıǹ bilim alıw isine azda bolsa mámleket tárepinen pul bóliwge qıynalğanlığı hám onı túrli diniy jollar menen xalıq moynına salıwğa tırısqanlığı málim. Usınday siyasattıǹ nátiyjesinde Moynaq mektebi, hátte rasmiy túrde ashılğannan keyin de, 1917-jılğa shekem qarawsız hám patsha húkimeti tárepinen káwendersiz qalğanlığı kórinip tur.

Uralskiyler urs xalqınıǹ toparına kirse de, olardıǹ mektebi ózinshe bolğan. Uralskiyler 1875-jılı áiyemgi eski diniy dástúrlerge beriliwshiler qatarına jer awdarılıp, házirgi qaraqalpaq territoriyasına shama menen 10 000 adam kelgen. Bular ózleriniǹ balaların ulıwma bilim beretuğın rus mekteplerine bermesten, óz aldına jeke-jeke úylerde áyyemgi eski diniy dástúrlerdegi mekteplerdi ashıp, balaların oqıta baslağan. Bunday mektepler Petro-Aleksandrovsk qalasında, Babayqalada, Sarıbiy (Tórtkul) Zayırda (Qaraózek) ashılğan. Bundağı oqıtqan muğallim hayaldı usta (masterica) dep atağan.

Bul mektepte oqıw isi júdá ózinshe bolıp, balalarğa áyyemgi eski diniy dástúrdegi kitaplar oqıtılıp, oqıwshılardı oqıwğa hám jazıwğa úyretiw isi minnetli bolmağan. Nátiyjede patsha samoderjaviesi qol astındağı qaraqalpaq territoriyasında jasawshı ural'skiylerdiǹ arasında usındağı jasawshı basqa evropalıq xalıqlarğa qarağanda sawatlılıq óz bolğan.

Mektep jayı oqıwdı normal ótkeriw ushın qolaylastırılmağan hám klassları jaqsılap úskenelenbegen. Bunnan tısqarı oqıw kitapları hám oqıw qurallardıǹ sanınıǹ artıwına jaman tásirin tiygizgen.

Qatnap oqıytuğın qızlar mektebiniǹ oqıw múddeti 3 jıl bolğan. (1828 j. Ustavı boyınsha). Mektepte oqılatuğın sabaqlar 1885-jılğı bağdarlama boyınsha din sabağı, slavyansha oqıw, rus tili, oqıw hám jazıw, baslanğısh esap, rus tariyxınan hám geografiyadan áhmiyetli mağlwmatlar menen tanıstırıw bolğan. bunnan basqa qızlarğa shirkew qasında qosıqlar hám qol óneri úyretilgen.

Bul mektepke keyingi jıllarğa deyin 2-muğallimniǹ shtatı bolmağan. Mektepte bir klassta Oktyabi revolyuciyasınıǹ aldıǹğı jılları eliwlegen qızdı bir muğallim oqıtqan. Mektepte qızlar ushın tolıq jeterliktey patra da bolmağan. Bul mektepke heshkim ğamxorlıq qılmağan.

Usınıǹ nátiyjesinde 32 jıl dawamına shekem jaqsı nátiyje bermegen. Mekteptiǹ oqıwın aradan 7 jıl ótkennen keyin birinshi ret 1892-jılı 5 qız pitkerip shıqqan. Mekteptiǹ oqıwın ekinshi ret 1898-jılı 3 qız pitkerip shıqqan. Ulıwma alğanda otız eki jıldıǹ dawamında bul mektepti tek 8 qız-aq pitkerip shıqqan. Tek birli-yarım tatar qızlarınan basqa jergilikli qızlardan bul mektepti bir de adam oqımağan. Bul jağday hayaz-qızlardıǹ, ásirese jergilikli hayal-qızlardıǹ arasında qullıqtıǹ hám nadanlıqtıǹ ósiwine járdemlesken. Ámiwdár'ya bólimindegi qızlarğa bilim beretuğın birinshi mekteptiǹ awhalı usı joqarıda aytılğan túrde bolğan.

Usılay bolsa da Orta Aziya xalıqlarınıǹ arasında, onıǹ ishindegi qaraqalpaqlardıǹ arasında hayal-qızlarğa feodallıq kóz qarastıǹ qattı kúsheygen dáwirinde bul territoriyada qızlarğa bilim beretuğın mekteptiǹ ashılıwınıǹ ózi prgressivlik xarakterge iye boldı.

PAYDALANILĞAN ÁDEBIYATLAR:

1. Karimov I.A. Manaviyat yuksalish yo’lida.-T.: Ozbekiston , 1998.-480 b.
2. Karimov I.A. “Yuksak ma'naviyat-engilmas kuch”.-T.:Ma'naviyat, 2008.-174 b.
3. Ózbekiston Respublikasi «Ta'lim to’ǵrisida»gi Qonuni // «Barkamol avlod-O’zbekiston taraqqiyotining poydevori.-T.: Sharq, 1997. 20-29 b.
4. Kadrlar tayyorlash milliy dasturi // «Barkamol avlod-O’zbekiston taraqqiyotining poydevori.-T.: 1997.31-61 b.
5. Milliy istiqlol ǵoyasi: asosiy tushuncha va tamoyillar.-T.: Ozbekiston 1000.-80 b.
6. Álewov Ó. “Qaraqalpaqstanda tálim-tárbiyalıq oylardıń qáliplesiwi hám

rawajlanıwı”.-Nókis: Bilim, 1993.-503 b.

7. Álewov Ó. “Ájiniyazdıń aǵartıwshılıq oyları”.-Nókis: Qaraqalpaqstan, 1982.-42 b.

8. Álewov Ó. “XIX ásirdiń aqırı -XX ásirdiń basındaǵı qaraqalpaq ádebiyatındaǵı aǵartıwshılıq pikirler”.-Nókis: Qaraqalpaqstan, 1992.-56 b.

9. Abdullaev YU. “Ocherki po metodike obucheniya gramote v uzbekskoy shkole”.-T.: Oqituvchi, 1966.-174 b.

10. Abdurasulov M. “Ózbek ma'rifatparvar shoirlari ilm-ma'rifat shaqida”.-T.: Oqituvchi, 1972.-119 b.

11. Abduraxmanova N.A. “Kolonialinaya sistema vlasti v Turkestane” (vtoraya polovina XIX nachalo XX vv.):-Avtoref. diss...kand.ist.nauk.-T.: 1994.-21 s.

12. Ablaev E.A. “Progressivnie pedagogicheskie idei krimskix tatar vtoroy polovinı XIX nachala XX vekov. (Na materiale pedagogicheskogo naslediya I.Gasprinskogo): Avtoref.diss…d.p.n.-T.: 1991.-38 s.

13. Aleuov U. “Qoraqalpoǵistonda jadidchilik ǵoyalari”. // “O’zbekis-tonning yangi tarixi. Konceptual-metodologik muommalar”.-T.: Akademiya. 1998. 168-172 b.

14. Aleuov U. “Stanovlenie i razvitie pedagogicheskoy mısli v Karakalpakstane”. (S drevneyshix vremen do 30-x godov XX veka):-Avtoref.diss…d.p.n.-T.: 1995.-53 s.

15. Aleuov U. “Karakalpakiya”. // “Rossiyskaya pedagogicheskaya enciklopediya”. M.: t.á. 1993.-669 s.

16. Allaniyazov T. “Kontrrevolyuciya v Kazaxstane: Chimbayskiy variant.-Almatı”, 1999. -59 s.

17. Artikov N. “Formirovanie nravstvennoy lichnosti uchashixsya na osnove nacional'nıx cennostey”:-Avtoref.diss…dok.ped.nauk.-T.: 2000.-41 s.

18. Dolimov U. “Turkistonda jadid maktablari” Toshkent: Universitet. 2006.-

126-bet.

19.Jalolov A.A. “Ózbek ma'rifatparvarlik adabiyotining rivojlanish jarayoni” (XIX asr oxiri XX asr boshlari):- Avtoref.filol.f.d. -T.: 1994.-44 b.

20. Ziyaeva D.H. “Turkistonda milliy ozodlik harakati XX asr Tarixnavisligida”:-tarix.f.d. diss.-T.:1999,-284 b.

21.Kadirov B.A. “Tradicionnaya pedagogicheskaya kultura uzbekskogo naroda”-Avtoref.diss...d.p.n.-M.: 1992.-41 s.

22.Karlibaev M.A. “Istoriya narodnogo obrazovaniya v Karakalpakii v XIX nachale XX v”:-Avtoref.diss…k.ist.n.-Nukus, 1995.-22 s.

23.Koshanov B.A. “Bol'sheviki v Turkestane: doktrina i realinosti 1918-1922 gg”.:-Avtoref.diss…d.ist.n.-M.: 1994.-44 s.

24.Kuldashev M.M. “Turkiston olkasi huquqining manbalari (1864-1917)” Samarkand.SamDU.-2007.-140 b.

25.Mahmudov Ǵ. “Jadid adabiyotida milliy istiqlol mavzui”.-T.: Ózbekiston, 1999.-108 b.

26.Muxammadjanov “A. Shkola i pedagogicheskaya mısl' uzbekskogo naroda XIX nachala XX v”.-T.: Fan, 1978.-9 s.

27.Taumuratov N. “Istoriya milicii Karakalpakstana v period vosstanovleniya Nacional'-noy gosudarstvennosti” (1917-1930):-Avtoref.diss…k.ist.n. Nukus, 1999.-22 s.

28.Tulemisov E.K. “Pedagogicheskie problemı stanovleniya i razvitiya novometodnıx shkol Kazaxstana”:-Avtoref.diss…k.p.n. Alma-ata. 1982.-22 s.

29.Turkestan v nachale XX veka: k istorii istokov nacional'noy nezavi-simosti.-T.: Sharq, 2000.- 672 s.

30.Tursunov I. “Ózbekiston maorifchilarining istiqlol yılidagi kurash tarixidan” 1907-1930 yillar: Tarix fan. dokt. diss.-T.: 1994.

31. Tóreev A. “XIX ásirdiń aqırı -XX ásirdiń basında qaraqalpaq úlkesinde diyxanlar háreketi”.-Nókis, Qaraqalpaqstan, 1992.-78 b.

32. Ubbiniyazov J. Qaraqalpaqstan Nókis, Qaraqalpaqstan, 1972.-62 b.

33. Urumbaev “J.Ocherki istorii shkolı v Karakalpakstane” (1810-1967). Nukus. «Karakalpakstan»,1974 - 583 b.

34. Urumbaev “J. Hamzaning Xo’jayli internatidagi pedagoglik faoliyati”.-T.: Oqituvchi, 1969.-48 b.

35. Filonenko V.I., “Bogdanov D.F. Gorodskie i aul'nıe shkolı KKASSR ix nujdı i meropriyatiya po ix uluchsheniyu”.-Turtkul', 1935.-62 s.

36. Xudaybergenov “K.Obshestvenno-politicheskaya i filosofskaya mısl v Karakalpakstane v XIX nachala XX veka” :-Avtoref.diss… d. filos.n.-T.: 1990.-43 s.

37. Xudayqulov “A.M.Prosvetitel'skaya deyatel'nost' djadidov Turkistana” (konec X8X nachalo XX vv):-diss…k.p.n.-T.: 1995.-146 s.

38. Sharipov R., “Muhiddinova F. Ózbekiston xalqlari siyosiy-huquqiy ta'limotlari tarixi (XIX asr oxiri–XX asr boshlari)”.T. TDYUI.- 2004.-295-bet.

39. Chariev “A. Xarakteristika sostoyaniya narodnogo obrazovaniya v Uzbekistane nachala 20-x godov. //Obshestvennıe nauki v Uzbekistane”. 1997. Qq-4. 72-79 s.

40. Ergashev B. “Iz istorii stanovlenie i razvitiya obshestvenno-politicheskix idei djadidizma, ideologiya mladobuxarcev”:- Avtoref.diss…d.i.n.-T.: 1993.-43 s.

41. Ergasheva M.Z. “Jadidlarning davlat-huquqiy qarashlari”. T.:Adolat. 2007.-216 bet.

42. Yusupov P. “Yosh xivaliklar tarixi” (xotiralar).-Urganch.: Xorazm, 2000.-48 b.

43. Ózbekiston tarixi: “yangi nigosh. Jadidlar sharakatidan milliy mustaqillikka qadar.”-T.: Sharq, 1998.-216 b.

44. Ózbekistonning yangi tarixi.1-kitob.-T.: Sharq. 2000.-460 b.

45. Ózbekistonning yangi tarixi. “Konceptual-metodologik muammolar”.-T.:
Akademiya, 1998.-360 b.

46. Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxı. “Qaraqalpaqstan XIX ásirdiń ekinshi yarımınan XXI ásirge shekem”.-Nókis, Qaraqalpaqstan, 2003.-554 b.

47. Qosimov B. “Milliy uyǵonish: jasorat, ma'rifat, fidoyilik”. -T.: Ma'naviyat, 2002.-398 b.